


# ZVIITIKO ZVANHASI

## ZVINOJEKESWA NECHIPOROFITA

 Ngatikotamisei misoro yedu. Baba vedu voKudenga vanodikanwa, tinoKutendai manheru ano nokuti Munopindura minyengetero yedu. Mukadzi uyu anodikanwa anonzwise urombo arere apo, oparesheni yakundikana. Asi, O Mwari, tinorangarira kuti kuvhiyiwa kwekutangisa kwakaitwa panyika, ndiMi pacheNyu makazviita. Makatora kubva parutivi rwaAdhama, rumbabvu, mukavhara pakanga pachekwa, ndokugadzira mudzimai. O Baba, ndinonyengetera manheru ano kuti ruwoko rweNyu rwuuye pasi iko zvino rwoita icho chinhu chikuru ichi chatiri kukumbira. Nevamwe ava vose, Ishe, mukadzi uyu ari kushushikana nekumanikidzika mupfungwa, vamwe vose vane zvikumbiro, tinongovakumikidza kwaMuri, Baba, nemoyo yedu yose. MuZita raJesu Kristu. Amenii.

Zvirokwasvo mukana mukuru kuva pano manheru ano nekuva neungano iyi yakanaka yekunge wakatarisa. Nokuimba kwakanaka, kakwaya kaduku kakanaka zvikuru. Ndanga ndichingofunga mutsauko, ndichiona vakomana vakamira apo vane...machinda anoratidzika zvachakachena, vakagerwa zvakanaka. Ndakanga ndichifunga, usiku hwapfuura, zve—zvepanzvimbo pandiri kugara; rimwe boka renhubu rakauya zasi ikoko ndokuedza kunyudza mumwe mukomana mudziva rekushambira; vakatozoita zvokudana chimwe chinhu zvino ndokuvaburitsa imomo. Mutsauko wakadini, kuona vaduku vakamira, vachiimba nziyo dzeEvhangeri; mutsauko wakadini.

<sup>2</sup> Ndichifunga, sezvataurwa naHama Henry uko, “varume ava vane vhudzi rinofanira kunge rine vakadzi,” munoona. Izvi—izvi—ndizvo. Zvinoita sokunge... Ndinooona vakomana ava vachizviedza, kuve nevhudzi rakadaro, vanotoisa kunyangwe marhora ekumona vhudzi mariri, akapoteredza chiso chavo. Zvino handizivi, ini...dzimwe nguva ndinotowodzwa moyo. Zvinotaridzika sokunge i—inguva yekutsveyamiswa chaiyo. Varume vari kuedza kupfeka nguwo dzevakadzi, navakadzi vachipfeka nguwo dzevarume. Varume vachichengeta vhudzi ravo savakadzi, navakadzi vaine vhudzi ravo sere varume. Chii chanetsa vanhu ava, hacho? Kuti here, chokwadi, zvisungo zvehunhu neruremekedzo zvatama parudzi rwuno nevanhu ava, nyika ino?

<sup>3</sup> Ino inguva yakaipisisa, asi inguva yakanakisisa zvikuru munyika, yekuparidza Evhangeri. Dai ndakamira kumucheto kwenguva iyo isati yatanga kuvapo, uye Baba vonditarisa, voti,

“Inguva ipi nemumazera ose aya yaunoda kuparidza?” Ndaitoda kunge ari izvozvi, ndizvozvo, tava kutosvika paKudzoka kwaKe.

<sup>4</sup> Ndakatarisa paungano, igere pamberi pedu pano... Shamwari yangu mushumiri, kuTucson nezuro, akanga akatasva bhiza. (Ndichifunga nezvemurume uyu ane uyu. . . uyu mukadzi ane bhonzo romusana wake rakadzokera pakare.) Bhiza iri rakamudonhedza. Mumwe murume andifonera nenguva dza one o'clock mangwanani ano, kuhotera kwangu, ndokuti, “Murume wacho ari kuVeterans Hospital, nameso ake ave kuita kunge asisina upenyu, musana wake wapwanyika-pwanyika, itsvo dzake dzabva panzvimbo, uye moyo wake wava kuda kukundikana.” Pakarepo ndikabva ndapfugama pasi, namabvi angu; ndokuchaya nhare, ndokumuisa kune rimwe divi racho, ndokumunamatira. Zvino heunoi agere pano manheru ano, akatogara ipo pano. Hwaive usiku hwapfuura. Bob, ungasimukawo here ipapo? Hoyo murume wacho, apo chaipo. [Ungano inowombera maoko—Mupepeti.] Mwari vanopindura munyengetero, mangwanani, usiku, nguva dzamasikati, pakati pousiku, kana chero nguva ipi zvayo.

<sup>5</sup> Zvino, ndi—ndiri muparidzi anatora nguva yakareba ndichipotera, sematauriro avanozviita. Handifariri kuchitanga nguva dzadai manheru, uye—uye ndafunga kuti ndongouya kuno. Umwe usiku, tingati, taitaura tiri nechekuno pane imwe nzvimbo, uye izvi. . . maminiti gumi nemashanu ndatanga, vanhu vairongedza madhishi vachinditaridza kuti, “Chimira! Nyarara, unofanira kubuda muno umu,” vachisvuta fodya, nekuenderera mberi. Yaisava mhosva ye—yevemabiko, asi inyaya yevanhu vatakarendera. Zvino mu—mudzimai wasachigaro akaendako ndokunotaurira maneja, akati. . .

<sup>6</sup> Akati, “Zvakanaka, munofanira kubuda muno nenguva dza 9:30.”

<sup>7</sup> Akati, “Hamuna kumbozvinyora izvozvo muchibvumirano.”

<sup>8</sup> Mudzimai uyu, manheru ano, auya zasi kuno (mudzimai akanaka zvikuru) uye ati, “Tanzwisisa kuti munoida,” ndokuti, “chingoishandisai kwenguva yamunoda.” Saka zvanga zvakanaka kwazvo. Saka ndinotenda zvikuru nokuda kwazvo. Zvakaisvonaka izvi.

<sup>9</sup> Hama Henry, ndinokoshesa zvirokwazvo mutsa wenyu—wenyu wekundikoka kuno, uye neboka iri.

<sup>10</sup> Ndakava nemukana wakanaka usiku hwapfuura wekuva zasi kuno kuAssemblies of God uko kwandinotenda kuti imwe Hama Boone ndivo mufudzi. Ndakava nenguva yakanakisisa ikoko neboka revanhu ivavo. Uye mangwana manheru tichaenda kumwezve nechekuno uku, handizivi kuti ndekupi kwacho, uye nderimwe boka. Ndivo vanoona nezvazvo; ini ndinongoramba ndichinamata, ndichiverenga, nekungoenda mberi, uye ndizvo zvoga zvandinokwanisa kuita.

<sup>11</sup> Asi, zvino, tiri kuona zvinhu zvinoshamisa muzuva ranhasi. Zvino ndarangerira nguva yandakapedzisira kuva kuno, waiva musangano wemutende. Ndinorangerira ndichitaura nezvazvo usiku hwapfuura, zvemhuri duku yakaunza rusvava rwavo rwakanga rwakafa. Nde—ndekumwe kumusoro kuno uku, vakatyaira zuva rose neusiku. Amai vacho vaduku vakagara, vakasurukirwa, vakabata rusvava urwu mumaoko mavo. Zvino, vanogona kunge vakagara muno izvozvi, sokuziva kwangingaita. Zvino amai...murume wacho mudiki, nedzimwezve mhuri dzaivepo navo, uye vakange...Zvino mukadzi akati...akandikumbira kana ndaikwanisa kuuyako (murume wacho ndiye akadaro) kumotokari. Ndakatora rusvava kubvamo zvino ndakanga ndakangorwubata; rwuri chinhu chiduku, chakafa, chakawoma, chaitonhora; zvino ndakatanga kunamata. Saka pandakanamata, mutumbi uya ukatanga kunzwika sekunge wakange wava kuenda uchidziya. Saka ndakango...ndakaenderera mberi ndichinamata. Kakatanga kukava-kava nekupfakanyika, kachienda kakadaro, saka ini... kakatanga kuchema. Ndikakadzorerera kuna amai vacho, ivo ndokudzokera nako kumba. Saka, vanokwanisa kunge vainge vasitombori Makristu, sokuziva kwangu. Maona? Zvakanga zvakanakisisa.

<sup>12</sup> Asi zvandiri kufunga nezvazvo, manheru ano, ndinoziva nezvekereke iri kufawo, zvakare, vanhu vedu veChipentekosti. Tinofanira kuzvizunza tibude mazviri izvi, uh-huh, ndizvo zvoga. Zvino nzira yoga yamuchazviita nayo munyengetero pamwe nokuita zviri maererano neShoko raMwari. Ndiyo nzira bedzi yatichazviita nayo. Panongori nenzira imwe chete yokubuda nayo, iYe ndiye Nzira yacho, Jesu Kristu mumwe chete zero, nhasi, nokusingaperi. Tingada here kuti kereke yedu ipinde muchinhanho sezvaakareva uko, semuEngland? Ndicho chikonzero ndainge, munofunga, ndakakwasharara, ndichikutsirai zvakasimba. Uye handirevi kunge ndichidaro, asi handidi kuona kereke ichipinda muchimiro chakadaro. Hamudi kuva muchimiro chakadaro. U—unotofanira kuRiroverera pasi zvakaomarara kusvikira waRiroverera nekuita kuti Ribate zvakasimba. Zvinofanira kuitwa.

<sup>13</sup> Saka zvino, usiku huno, ndinongori ne...mamwe Magwaro nechidzidzo pano chandinoda kutaura nezvacho kwechinguva. Handisi kuzoreva kuti inguva yakadini. Munoneta, handiti... Ndinokwanisa kupedza mumaminiti makumi matatu, uye zvinongoenderana nokuti...Ndinongogara nguva dzose ndichizvisiira kuMweya Mutsvene, chero nzira iyo iYe yaanotungamirira.

<sup>14</sup> Ngatikotamisei misoro yedu kwechinguvana zvakare, titaure kuMunyorori tisati tavhura Bhuku raKe.

<sup>15</sup> Mwari wamasimba ose, Munyori weBhuku iri, kuburikidza nemuna Jesu Kristu tinonyengetera. Tinotenda nokuda kwezvatatonzwa kare manheru ano. Kana tikakwanisa—kakwanisa kutsigira musangano uno nokuti, “Ameni,” tobva taenda kumba, zvanga zvakanaka kuva pano, nokuti tinoziva kuti Manga muinesu. Zvino, Baba, tichivhura Shoko rino zvino, taurai nesu zvakananga kubva muShoko iri, kuti tizoziva nguva yatiri kurarama mairi. Kana tikaziva nguva yatiri kurarama, ipapo tinozokwanisa kuzogadzirira nguva yacho; asi kana tikapinda semapofu tisingazivi *chipi* kana *kupi*, zvino hatizivi kuti tinogadzirira sei. Saka, Baba, tinokumbira kuti Mutitendere kuti tione Areka apo, neMusiwo, wakazaruka, uye neMharidzo ichtidanira kupinda mukati. Zviitei kuburikidza nemuZita raJesu Kristu. Amenii.

<sup>16</sup> MuMagwaro Matsvene, ndinoda kuverenga chikamu pano, chinowanikwa umo muBhuku raMutsvene Ruka, pachitsauko 24, iyo...ndichatangira pandima 13, ndoverenga chikamu chaRo.

*Zvino, tarira, pazuva irero vamwe vaviri vavo vakanga vachibva kumusha wainzi Emausi, wakanga uri kure neJerusarema mastadia ana makumi matanhatu—tanhatu.*

*Vakanga vachitaurirana...zvinhu zvose zvakanga zvaitika.*

*Zvino zvakaitika, kuti, pavakati vachitaurirana pamwe chete zvino...Jesu amene akaswedera, akafamba navo.*

*Asi meso avo akanga abatwa vakasamuziva.*

*Zvino akati kwavari, Mashoko akadini amunotaurirana pamusoro pawo, muchifamba ndeeko, uye mune shungu pamoyo?*

*Zvino mumwe wavo, wainzi Kreopasi, ndokupindura akati kwaari, Ko ndiwe woga ugere muJerusarema somutorwa, uye usingazivi zvinhu zvose izvi zvakaitika...mazuva ano here?*

*Zvino akati kwavari, Zvinyiko? Vakati kwaari, ZvaJesu weNazareta, waiva muporofita une simba pabasa napashoko pamberi paMwari napavanhu vose:*

*Uye kuti vaprisita vakuru navabati vedu vakamuisa kune...kuti atongerwe rufu, vakamurovera pamuchinjikwa.*

*Asi takanga tichivimba kuti ndiye waizodzikinura vaIsraeri: uye pamusoro paizvozvo zvose, nhasi rava zva retatu kubva pakuitwa kwazvo.*

*Uyezve, vamwe vakadzi vokwedu vatishamisa, vange vari...vari kubwiro;*

*...vati vachishaiwa muviri wake, vauya, vachiti, vaona chiratidzo chavatumwa, vakati kwavari...vati mupenyu.*

*Zvino vamwe vaiva nesu vaenda kubwiwo, vakandozviiwana sezvavareva vakadzi: asi iye ivo... asi iye havana kumuona.*

*Zvino iye akati kwavari, O imi vokusafunga, mune moyo inononoka kutenda (kusatenda) zvose zvakarehwa navaporofita:*

*Ko Kristu akanga asingafaniri kutambudzika saizvozvo, zvino...agopinda mukubwinya kwake here?*

*Ipapo akatanga kunaMosesi navaporofita vose, akavadudzirira...magwaro ose zvinhu zvakanjorwa pamusoro pake.*

Dai Ishe awedzera maropafadzo aKe pakuverengwa kwemaShoko aKe.

<sup>17</sup> Zvino ndinotora...kana ndingachiti chidzidzo, ndinoda kutora zvokuti: Zviitiko...Zviitiko Zvanhasi Zvinojekeswa Nechiporofita. Zvino, dzangogara dzichingori dzaMwari...nzira yaMwari asingashanduki yekufano-...kutendera vanhu vaKe kuti vafanoziva zvimwe zviitiko zvisati zvaitika.

<sup>18</sup> Dai vanhu mumazuva aShe Jesu vainge bedzi vakangotsvaga Mwari uye vakaziva zvakanga zvoda kutoitika, vangadai vasina kutongera Jesu rufu. Asi chikonzero chacho chaiva, nokuda kwekuti Magwaro aifanira kuzadziswa, nokuti maJudha aifanira kupofomadzwa. Tose tinozviziva izvozvo.

<sup>19</sup> Asi munocherechedza here kuti zvakanjimbiswa zvakare muzera iro rino chairo ratiri kurarama tiri? Zera reKereke yeRaodhikia, zera rino rekereke rechinomwe ratiri mariri zvino, harina kusimira, rakasuwa, rakapofomara, uye harizvizivi izvi. Zvakafanana nemapofomadzire aAkavaita kumashure uko kuitira kuti aendese Mharidzo yaKe kuvanhu vakasanangurwa, iYe akavimbisa kuita chinhu chimwe chete nhasi.

<sup>20</sup> Zvino kana ndingareva izvi mukuremekedza, uye kuhama nehanzvadzi dzangu dzose muna Kristu, rimwe ramazuva ano mumwe munhu achazoti, “Hazvina kunyorwa here kuti zvinhu izvi zvinofanira kutanga zvaitika?”

<sup>21</sup> Zvino zvichange zviri nenzira imwe chete yazvakanga zvakaite kare, “Zvirokwazvo, Ndinoti kwamuri, akatouya, vakatoita zvavaifanira kuita kwaari.”

<sup>22</sup> Apo pavakaMuvhunza, kuti, “Seiko, vanyori vachiti, uye neMagwaro achitaura kuti—kuti ‘Eria anofanira kutanga auya.’” Vakataura izvozvo kuna Jesu.

<sup>23</sup> Akati, “Akatouya kare, zvino hamuna kumuziva.” Maona? Zvino pamwe ndiyo nzira yazvichapera nayo zvakare.

<sup>24</sup> Zvino tinoda kuziviswa, kuziva izvo zvinofanira kuitika muzera rino ratiri kurarama mariri. Mwari vakapa mugove weShoko raVo kuzera rimwe nerimwe, rakawanda zvakadai kuzera roga-roga, uye tinofanira kucherechedza kuti rimwe zera harigoni kupfuurira richipinda mune rimwe zera. Hazvitomboshandi izvozvo. Somuyenzaniso, sezvandakataura, ndinotenda usiku hwapfuura kana... Ndiri kugara ndichingotaura, usiku hwoga-hwoga, nzvimbo dzakawanda, uye imwe nguva ndinoreva chitaurwa kechipiri. Handirevi kuzvidzokorora pachangu. Asi ndinoreva kuti: Zvinozoitei...zvaibatsirei Mosesi dai akaedza kuparidza mharidzo yaNoa? Kana kuti zvaibatsirei kana...zvakaite Jesu kuti aedze kuparidza mharidzo yaMosesi? Kana kuti zvaibatsirei Martin Luther kuti aenderere mberi nemharidzo yeChikatorike? Zvaibatsirei Wesley kuti aenderere mberi nemharidzo yechiLutherani? Ko zvaibatsirei maPentekosti kuti aenderere mberi nemharidzo yemaMethodisti? Kana zvinobatsireiko maPentekosti kuti aenderere mberi apo Mwenga uri kudanwa? Munoono, tasvika kumusoro munguva yembeu chaiyo, tava pano panguva yamagumo. Zvino, kunze kwekuti tsanga yegorosi yatowira muvhu, inogara iri yoga.

<sup>25</sup> Semutsoropodzi, semataurire andakaita kubva pakabuda bhuku, zvimwe munaro muno muguta renyu—renyu, munyori wechiGerimani uyo akanyora zvinyorwa zvokutsoropodza zvikuru. Haatendi muna Mwari. Chokwadi kwete...handisi kumupomera nokuda kwekuti iye akandipomera kwazvo; asi, nokuti, somunhu asingatendi, bhuku racho haraifanirwa kunge rakaturikwa pamasherefu. Zvino akati, “Mwari aigona kugara obva ati Anokwanisa kuvhura Gungwa Dzvuku odzikinura vanhu vaKe, zvino ogara akapeta maoko aKe padumbu raKe achiona nemuMazera eRima Makristu achibvanzaurwa neshumba kuita zvimezu-zvimezu; vana amai vaizadzwa tara muvhudzi ravo, vorembedzwa pamichinjikwa vobva vapiswa; uye nemucheche vavo...vanamai vakazvitakura, vaitsemura dumbu vachiita makasa ekuti mwana wacho achange ari mwanayi; ogara hake ipapo otendera kuti zviitike hazvo; vanhu vaifanirwa kunge vari ivo varanda vaMwari uyu.”

<sup>26</sup> Munoono, Magwaro kufemera. Haukwanisi kunzwisisa Gwaro nokungogara pasi woRiverenga nenzira yevadzidzi vezvechitendero, nenzira yedzidzo; hazvina kumbobvira zvakashanda.

<sup>27</sup> Ndakanga ndichitaura nemushumiri wechiBaptisti nguva pfupi yapfuura, akati, “Kusvikira tadzidza chiGiriki chaicho, kusvikira isu...”

<sup>28</sup> Ndikati, “MuKanzuru yeNicaea, kumashure kwacho, vaiitirana nharo nokuda kwemashoko eChigiriki emuBhaibheri.” Haufi wakamboRiziva.

<sup>29</sup> Bhaibheri rinofanira kuzarurwa nekufemera. Ndicho chinhu choga, chizaruro. Jesu akaudza Petro, “Pamusoro pedombo iri.” Dombo rechizaruro iri rinozarura kuti iYe ndiYani. “Wakaropafadzwa iwe Simoni, mwanakomana waJonasi, nyama neropa hazvina kukuzarurira izvi, asi Baba vaNgu vari Kudenga ndivo vakuzarurira zvinhu izvi; pamusoro pedombo iri Ndichavaka Kereke yaNgu.” Kwete pamusoro paPetro, kwete pamusoro paKe, asi pamusoro pechizaruro chemweya chokuti iYe aiva Ani.

<sup>30</sup> Zvino iYe iShoko! Mutsvene Johane 1, “Pakutanga kwakanga kune Shoko, uye Shoko rakanga riri kuna Mwari, uye Shoko rakanga riri Mwari. Zvino Shoko rikazoitwa nyama rikagara pakati pedu.” VaHebheru 13:8, “Ndiye mumwe chete zuro, nhasi, nokusingaperi.”

<sup>31</sup> Naizvozvo tiri kurarama muzuva apo kuratidzwa kweShoko raMwari kunofanira kuuya kuzera rakasiyana nezera rePentekosti. Zvino ndizvozvo. Rangarirai, muchazo. . . ndiri munhu asina kudzidza; asi haugoni kukunda masikirwo ezvinhu, nokuti Mwari vanoshanda mukuenderera kwezvisikwa. Sokunge, sezvandakataura, zuva rinobuda nekudoka; rofamba nomukati mezuva, zvino sezera revekuchikoro; rofa madekwana, kuti rizobuda zvakare mangwanani anotevera. Miti inodzikisa pasi mutu wemiti munguva yechando, wopinda mumidzi, wozodzoka zvakare munguva yepfumvudza.

<sup>32</sup> Cherechedzai, iYe akaUfananidza netsanga yegorosi, Mwenga, chikonzero icho Mwari vakazvitendera kuti zvifambe saizvozvo. Kereke iya yakanaka, yamazvirokwazvo, yechokwadi yakavambwa neZuva rePentekosti, yakakura ndokukura kubva paZuva rePentekosti, ichiva kereke huru, yaifanira kuwira muvhu muZera Rerima yobva yafushirwa muvhu sedzimwe mbeu dzose. Yaifanira kufa kuti igozobuda munguva dzeKuvandudzwa zvakare. Yakabuda mumunhu weKuvandudzwa, Martin Luther. Zvino kuzobva ipapo, sedzinde regorosi riri kukura. Chinhu chekutanga chinobuda, panobuda tsuri mbiri, ipapo rinoramba richiwedzera tsuri. Hapo ndokuuya Martin Luther, ndokutevera Zwingli, ndokuenda zvichidzika, Calvin, uye pavaifambira mberi.

<sup>33</sup> Pakupedzisira zvinopinda mumuchekechera. Zvino, ipapo aiva John Wesley muzera raWesley. Raiva nomukume uchidonha.

<sup>34</sup> Kubva imomo kwakauya zera rePentekosti, riri pedyo, zvokufanana nembeu chaiyo yegorosi kana ukatarisa gunde. Asi kana ukatora gorosi iroro worizarura, hamutomborina kana tsanga imwe mariri zvachose, chinongori chikwande chiri *muchimiro* chetsanga. Asi chakaiswa ipapo nechikonzero, kuchengetedza tsanga kusvikira. . . Kana zuva rikairova *saizvozvo*, rinoiuraya.

<sup>35</sup> Inofanira kuramba iri imomo kusvika pane imwe nguva, zvino Hupenyu hwose hunobuda kubva muchikwande (sepaHwakabuda mugunde, ndokubuda mumukume), hunobuda kubva muchikwande hwopinda mugorosi, hwogadzirwa zvakare zvakafanana nezvahaiva pasi muvhu.

<sup>36</sup> Zvino, tose tinoziva kuti apo kana mharidzo yapiwa, mumakore matatu vanoita sangano. Kana vangodaro, zvinoiraya pakarepo; yakazviita mumazuva aLuther, saizvozvowo, yakazviita mumazuva aWesley, yakazviita mumazuva aAlexander Campbell, nevamwe vose, uye yakazviita mumazuva ePentekosti. Ndizvozvo chaizvo! Maona? Munosvika panzvimbo, yokuti mumwe nemumwe anowomarara, obuda mugwara, uye votadza kugamuchira chizaruro chitsva. Vakagadzikana; zvino havoka avo, zvino vobva vafira ipapo. Zvino Hupenyu hunodarika naipapo, hwoenda mberi kunogadzira gorosi. Zvino kana gorosi rasvika, Hupenyu huya hwakafamba nemugorosi iroro, rumuko, rwunounza chinhu chacho chose; hongu, rwunomutsa kuitira Kubvutwa.

<sup>37</sup> Zvino, rangarirai, Mharidzo ino yakatanga nekupodza-kwaMwari, pachiiitwa zvishamiso. Zvino, dai Mwari vakarega izvozvo zvichichiitika nemukerekewo hayo, seyatagara tinayo, zvadaro vainge vasiri Mwari. Mwari havafanirwi kuita zvokunanisira; haVa—haVasungirwe kuita zvinhu izvi, kutivaraidza, sezvatakajairira isu vemuAmerica (mafaro), asi Vanozviita kuti akwezve meso evanhu, kuti Vane zvavari kuda kuita.

<sup>38</sup> Tarirai iYe pachaKe paAkauya. “Muporofita muduku akaisvonaka, rabhi, muporofita weGarirea.” Haiwa, shumiro yaKe yaishamisa, Akanga achigamuchirwa mumakereke ose.

<sup>39</sup> Asi rimwe zuva Akagara, akati, “Ini naBaba vaNgu tiri Mumwe chete.”

<sup>40</sup> “O, ini zvangu!” Zvakanga zvisizvo. “Ngaabviswe munhu wakadai!”

<sup>41</sup> “Kunze kwekunge madya nyama yeMwanakomana womunhu, nokunwa Ropa raKe, hamuna Hupenyu mamuri.”

<sup>42</sup> “Haiwawo, ndimusvetaropa! Ibvai kumunhu wakadai!” Maona?

<sup>43</sup> Munoono, pakanga pane chimwe chinhu chaifanira kutevera chiratidzo ichocho. Munoono, chimwe chinhu chakatevera.

<sup>44</sup> Chikwande chakaibata, asi iko zvino chikwande chave kutobva; chinofanira kutodaro. Uye rangarirai, makore makumi maviri atopfuura uye pasina masangano ambobuda mairi, uye hazvikwanisiki. Tasvika pamagumo emasangano, gorosi rava nechimiro. Asi chii dambudziko negorosi zvino, haukwani. . . rinofanira kugara muHupo hweMwanakomana, kuti riibve, muchina unokohwa usati warinhonga.



45 Zvino, zviitiko zvatinooona zvichiitika, zvinotaridzwa zvirokwazvo muBhaibheri, muzera roga-roga. Tinofunga kuti tabuda panzvimbo, asi hatina, zvinhu zvose zviri kufambirana nemazvo neShoko raMwari.

46 Zvino, Bhaibheri ibhuku rakasiyana nemamwe mabhuku ose akayereswa. Hakuna bhuku rakafanana neBhaibheri, nokuti Bhaibheri ndiMwari ari muchimiro cheShoko. Maona? Iro...Shoko ipfungwa yaratidzwa. Pfungwa dzaMwari dzakaRiratidza, maShoko aKe kubudikidza nemuvaporofita; zvino vakanyora Bhaibheri, riri muchimiro cheShoko. Zvino Jesu akaRiti, “Mbewu.” Zvino mbewu yose inobereka zverudzi rwayo kana iri pamamiriro akafanira, hupo hwakafanira. Zvino, Bhuku iri re...raka...Bhuku iRi rechiporofita, Ri—Riri kutaura zviitiko zviri kumberi. Zvino, Bhuku racho rine mariri chizaruro chakazara chaJesu Kristu. Hauwedzeri kwaRiri kana kutapudza kubva kwaRiri, uye chizaruro choga-choga chinofanira kubva nemaRiri. Munooona, rinofanira kuva Shoko.

47 Saka vanhu vanoti, “Ndakawana chizaruro.” Hongu, tinoziva Joseph Smith nevashinji vakava nezvizaruro nezvinhu, asi zvaipesana neShoko.

48 Chinofanira kuuya maererano neShoko kana chichibva kuna Mwari, nokuti chinofanira kusimbisa kana kuratidza Hupo hwaMwari. Uye Vakafanoziva zvinhu zvose izvi, zvichiva... Nokufanoziva kwaVo Vakagadza, kufanogadza (kunonzi muBhaibheri, “kufanotemera”) zera roga-roga panzvimbo yaro, uye nemunhu woga-woga panzvimbo yake, nemutumwa woga-woga panzvimbo yake. Iye ndiMwari, dhiyahore hapana chaari kuMuitira asingazive. Uye iYe ndiMwari, uye Akatemera zvinhu zvose kuti zviitike, zvobva zvanyatsoitika nenzira chaiyo yeShoko raKe.

49 Saka kana tichigona kuona, neShoko raKe, kuti izera nenguvai yatiri kurarama, munonyatsozviona pano muBhaibheri, zvezera rino, izvo zvatino fanira...zvakananira kuitika panguva ino.

50 Zvino, ma—mamwe mabhuku, tinoona mabhuku mazhinji avanoti “mabhuku akayereswa,” nezvakadaro. Zvino ndakaverenga ko—Korani nemamwe mazhinji. Asi, munooona, mabhuku avo—avo akayereswa anongori bumbiro retsika, dzehunhu, kana dzidzo dzechitendero.

51 Asi Bhuku iri Muporofita, Rakasiyana neripi zvaro bhuku. Bhaibheri iShoko raMwari richifanotaura zvenguva iri mberi. Rinofanotaura nokuti Rakafanoyambira.

52 Kana Mwari vakatumira chimwe chinhu, Vanotaura nokuvimbisa muBhaibheri kuti iVo havazoiti chimwe chinhu panyika kunze kwekunge kutanga Vazvizarura kuvaranda vaVo vaporofita. NdiAmosi 3:7. Ivo...uye Mwari havagone kunyepa. VanoRizarura, ndiyo yagara iri nzira yaVo yokuzviita

zvichidzika nemumazera ose. Ivo havana kumbobvira vakakundikana kuzviita.

<sup>53</sup> Zvino, takavimbiswa, mumazuva okupedzisira, kuti izvi zvinozodzoreredzwa. Hakuzova neke—kereke, hakuna sangano, Methodisti, Baptisti, Presbyteriani, maPentekosti, havambofi (mumamiriro avo anhasi) kutora kereke iyi achiisvitsa pakuva Mwenga. Haakwanisi kuzviita, anokundikana. Vakanyanya kudzvinyana pahuro, uye zvemunyika zvakapinda mukati, nezvimwe zvakadaro, zvino—zvino vakafira munzira dzavo. Uye saka Mwari vano zviziva izvozvo.

<sup>54</sup> Uye kuzarura Shoko iri, mumwe anoti, “Zvakanaka, ndabata *izvi*. Zvino Mwari ngaarumbidzwe, Zvakaita *seizvi*.” Ndiyo nzira chaiyo yazvakaitika pakauya Jesu panguva yokutanga; munhu wose ane dzidziso, munhu wose ane *ichi*. Chinofanira kunge chiri chimwe chinhu chatatumirwa kubva kuna Mwari. Zvino Mwari vakachivimbisa. Uye nzira yoga yaVanoita, ku—kuchengeta nzira yaVo imwe cheteyo. Vakavimbisa kutitumira, mumazuva okupedzisira ano, maererano naMaraki 4, muporofita panyika, “Anotora moyo yavanhu oidzoserwa, moyo yevana ichidzoserwa kumadzibaba echiapostori zvakare.” Vakazvivimbisa izvi muShoko raVo. Ruka 17 nedzimwe nzvimbo dzakawanda dzaAkazvivimbisa, kuti iVo... izvo zvaVaizoita mumazuva ano okupedzisira kuti asvitse chinhu ichi paShoko rakasimbiswa.

<sup>55</sup> Munoono, munhu anogona kutaura chero chinhu, asi kunze kwekunge Mwari vadudzira Shoko iroro... Munoono, zvino, tine dudziro yedu pachedu, tinoti Rinoreva *izvi*. Uye uyu, muMethodisti, anoti *izvi*, muBaptisti anoti *izvi*, muPentekosti akati *izvi*, muOneness anoti *izvi*, muTwoness anoti *izvi*. Uye, o, ini zvangu, hezvoka izvo. Asi Mwari haadi mududziri, ndiYe Mududziri waKe pachaKe. Anodudzira Shoko raKe pachaKe nokuRisimbisa muzera raRakagadzirirwa, zera raRakapiirwa.

<sup>56</sup> Hatisi kurarama muzera rePentekosti, tiri kurarama mune rimwe zera. Munoono, hatisi kurarama muzera reMethodisti, tiri kurarama mune rimwe zera. Tiri kurarama pano muzera reMwenga, kudanwa kweKereke uye nokuJunza pamwe chete kuitira Kubvutwa. Ndiro zera ratiri kurarama iko zvino. Pamaonero angu akatendeka ndicho Chokwadi chaicho.

<sup>57</sup> Uye Bhuku iri ibhuku rechiporofita. Vatendi varo vanorairwa kuti vaRiremekedze nokuRiverenga, uye nokutenda Munyori waRo, nokuti Shoko rose rakanyorwamo rinofanira kuitika. Zvinhu zvose zvakavimbiswa zvinofanira kuitika, nokuti NdiJesu Kristu muzera roga-roga. Mumwe chete zuro, aiva Jesu Kristu, aiva muna Noa; aiva Jesu Kristu muna Mosesi, aiva Jesu Kristu muna Dhavhidhi, aiva Jesu Kristu muna Josefa; ndiJesu Kristu, mumwe chete zuro, nhasi, nokusingaperi. Uye

ndiJesu Kristu pakati pevanhu vaKe nhasi, achiita zvinhu zvaAkavimbisa kuti Aizoita muzera rino. NdiJesu Kristu.

<sup>58</sup> Asi kereke yaomarara zvakanyanya, yave kure kwazvo, sezvataurwa nehama pano. Uye—uye makereke edu ari kungova zvimwe chetezvo, kusvikira pokuti chimwe chinhu chinotofanira kutotizunza kuti tidzokere kuShoko. Ko tinozviziva sei kuti ichazviita? Inofanira kuuya maererano nehurongwa hwaMwari pachaKe. Haigone kuuya nemunhuwo zvake, haizouyi namuzvinabhizimusi, haigone kuuya nemakereke. Mwari wakagadzira zano raVo.

<sup>59</sup> Ndakatura muno muShreveport pane rimwe zuva, panhepfenyuro yenyika ino zvichienda munyika yose, kuti, *Kuedza Kuitira Mwari Basa Ikwo Kusiri Kuda KwaMwari*. Dhavhidhi akaedza kudzosa areka yaMwari mumba. Akanga ari mambo akazodzwa. Handiti, a—akavhunza makurukota ake—ake, vakuru vake vezviuru, nevezviuru gumi, nevamwe vakadaro. Zvino vose vakati, “Iri iShoko raShe.” Ndokubvunza muprisita, “Zvakanga zvakanaka kwazvo.” Zvino vose vakafemerwa zvikuru, vakadanidzira, vakaita maitiro ose ezvekunamata aivapo. Zvino zvose izvi zvaipesana zvakanyanya nokuda kwaMwari, nokuti kwakanga kune muporofita munyika ainzi Natani uye akanga asina kana kutombobvunzwa nezvazvo. Maona? Saka takaona kuti hazvina kushanda kunyangwe vakanga vakaperera, vachiedza kuitira Mwari basa.

<sup>60</sup> Zvino unokwanisa kuva wakaperera; asi, kusvikira taziva zvatiri kuita, uri kurwa hako nemhepo. Dzoka muShoko raMwari wopinda mugwara, wobva wazoenda; zvino ipapa wava kuviva. Semu—musoja, haazivi zvokuita kusvikira atorairwa zvokuita. Tinofanira kunge tiri masoja eChikristu, uye tinotora rairo kubva muBhaibheri iri maringe nenguva ino; kwete rairo yanezero, rairo yamarimwezero, asi rairo yanhasi (kwekuenda nako). Toona kuti inguva ipi yatiri kurarama mairi.

<sup>61</sup> Zviitiko izvi zvanhasi izvi zviru kupfuura nepatiri nekukurumidza kwazvo, zvino nerimwe zuva tichazoonza tasara kumashure tisina kana chimwe chinhu, zvino tobva tabatwa, takasimbiswa mumunembo wechikara tisati tambozviziva.

<sup>62</sup> Zvino, nekutsungirira tinofanira kuzvimirira, izvo zviporofita zvakavimbiswa, chimwe nechimwe chazvo chinofanira kuzadziswa muzera racho. Nokuti Rinofanotiudza, Munyori akambozviita izvi kumashure, zvino tinomirira kuti tiMuone achizviita zvakare. Inguva yakadini iyo yatiri kurarama tiri! Chimwe chinhu chakafanana neka—karenda; unotarisa karenda kuti uone kuti uri kurarama muzuva ripi regore, zvino unotarisa muBhaibheri raMwari kuti uone zera ratiri kurarama mariri. Hatisi kurarama muzera reMethodisti, zera reBaptisti. Tiri kurarama muzera reMwenga, kudanwa, kudzosera kuna

Mwari kuburikidza nenzira yaVakavimbisa kuridzosa nayo. Vakavimbisa kuzviita.

<sup>63</sup> Asi semaitikiro azvo muzera roga-roga, vanhu vanotendera kuti munhu aise dudziro yake paRiri nedzidzo yechitendero, uye havatendi kusimbisa kwaMwari Kutsvene paRiri (ndiyo, dudziro yaMwari); kwete zvandinotaura, zvinotaurwa nemumwewo munhu; asi zvakavimbiswa naMwari uye neizvo zvinoitwa naMwari, zvinotaridza kuti ndiMwari vari kuita dudziro yaVo pachaVo yeShoko raVo.

<sup>64</sup> Vakakuudzai imi maPentekosti, makore makumi mana nemashanu, makumi mashanu apfuura, vanamai nemadzibaba enyu, pavakanga vari maPentekosti echokwadi, vakabuda musangano vakatuka chinhu ichochi zvino ndokubuda mariri: Zvino sembwa inodzokera kumarutsi ayo, ndokudzokera mariri zvakare, ndokuita chinhu chimwe chete chakauraya kereke iyoyo, makauraya yenyu momene nechinhu chimwe chete ichochi. Hapana chakaipa pavanhu varimo, hapana chakaipa pazviri, hungori hurongwa hwechinhu chacho huri kuzviita.

<sup>65</sup> Kumba, ndiri...enda kumba...handiparidzi izvi mumusangano wemumwe munhu. Ndichanoparidza *Muhwezvwa Wenyoka*, mugoiteerera kana mukatora matepi acho.

<sup>66</sup> Zvino, cherechedzai, vakapotsa kuona kusimbiswa kwezvivorofita zveShoko raMwari zvichizadzikiswa. Dai vaprisita vaya...Vakanga vakanyatsogadzira chaizvoizvo nzira yemauiyiro aizoitwa nawo naMhesiya, vaiziva zvakanga zviri kuzoitika. VaFari...vaFarise vakanga vane pfungwa yavo, maSadhuse, maHerodhe, navose, vakanga vane pfungwa dzavo. Asi iYe haana kuuya...Akauya zvaipesana navo vose, asi zviri maererano chaizvo neShoko. Jesu akataura kuti chinhu chimwe chete chaiva pano: “Dai mainge maNdiziva, mungadai muchiziva zuva raNgu. Dai manga maiziva, mungadai... Munoti, ‘Saka, Mosesi! Tina Mosesi.’” Ndokuti, “Handiti, dai maitenda Mosesi, mungadai muchiNditendawo; nokuti, akanyora nezvaNgu.”

<sup>67</sup> Asi, munoona, apo Mwari pavaisimbisa izvo chaizvo zvaVakavimbisa, vaiva nazvo neimwe nzira yakadzikama iyo Jesu yaifanira kuuya nayo, uyewo...ndinoreva Mhesiya. Mhesiya wacho aitofanira kuuya kuboka ravo kana kuti ainge asiri iYe Mhesiya. Zvino, zvakadaro, potse, nhasi, “Kana usiri kuona nemumagirazi angu, hauna kana kutombotarisa zvachose.” Munoona, uye saka ndiyo—ndiyo nzira ya—yazvingori. Isu...Ndicho chokwadi. Hatifariri kufunga nezvazo, asi ndicho Chokwadi chaicho.

<sup>68</sup> Muna vaHebheru 1:1, Mwari munguva dzekare vakanyora Bhaibheri nenzira yaVo yavakasarudza Vomene. Havana kumboRinyora navadzidzi vebhaibheri, uye haVadudziri

navadzidzi vebhaibheri. Hapana kana kumbova nenguva apo—apo vadzidzi vebhaibheri vakambova nedudziro yeShoko raMwari. Dudziro inongouya bedzi kumuporofita. Uye nzira yoga iyo yatichabuda nayo munyonganyonga iyi ndokunge kana Mwari vatitumira muporofita uya, ndizvo chaizvo, ndiyo nzira yoga yazvichazoitwa. Rakatendwa, nokutarisirwa, ne—nekuzadzikiswa.

<sup>69</sup> Munoono, haRina kunyorwa nemunhu, asi Rakanyorwa naMwari. Harisi bhuku remunhu, haRisi bhuku ravadzidzi vebhaibheri. IBhuku raMwari, rinova Bhuku rechiporofita rakanyorwa navaporofita uye nokududzirwa navaporofita. Bhaibheri rakati, “Shoko raJehovha rinouya kuvaporofita.” Ndizvozvo chaizvo!

<sup>70</sup> Zvakafananidzirwa zvakanaka sei, kana kuti, kuratidzwa apo Jesu paakauya panyika, uye Johane ari iye muporofita wezuva iroro, uye a—akanga achiporofita. Vakati, “O, unoreva here kuti Mwari vachaputsira pasi masangano edu makuru pano pamwe nezvinhu zvose izvi? Uye kuti pachasvika nguva, apo matemberi edu—edu haazonamatirwi maari?”

<sup>71</sup> Akati pachazosvika nguva apo Mwari vachabaira chipiriso kubva muGwayana raMwari, Munhu. Uye akataura kuti—kuti aizoMuziva kana Auya. Uye akati. . .Akanga ane chokwadi nemharidzo yake, akati, “Akatomira pakati penyu izvozvi uye hamuzvizivi.” Atori pakati penyu chaipo uye hamuzvizivi.

<sup>72</sup> Zvino rimwe zuva Jesu paakafambako, Johane akasimudza meso ake ndokuona chiratidzo chiya pamusoro paKe, ndokuti, “Tarirai Gwayana raMwari rinobvisa chivi chenyika.” Panguva iyoyo Jesu akaziva ipapo kuti iYe akasimbiswa pamberi pavanhu. Zvino, iYe aiva Shoko, tingazvipokana here? Bhaibheri rakati iYe aiva Shoko, “Pakutanga kwakanga kune Shoko, uye Shoko rakanga riri kuna Mwari, uye Shoko rakanga riri Mwari. Zvino Shoko rakaitwa nyama rikagara pakati pedu.” Zvino heuno! Uyu, iye. . .Herinoi Shoko riri panyika (tarisai! zvakakwana!) rikanyatsouya mumvura kumuporofita.

<sup>73</sup> Ndizvozvo chaizvo, Shoko rinouya kumuporofita waKe nguva dzose. Saka hatiRitarisiri kuuya kuvadzidzi vebhaibheri. HatiRitarisiri kuuya kumasangano. Rinofanira kuuya negwara renzira yaMwari yaVakafanotaura nezvayo, uye ndiyo nzira yoga bedzi yaRichangouya naro. Richavengwa, kuzvidzwa, kurambwa. Kana Razouya, Richakandirwa kunze kune rimwe divi, nezvimwe zvose, asi Mwari vanozviita zvakangodaro. Rakarambwa muna Jesu Kristu, Rakarambwa muna Johane, Rakarambwa naJeremia, Rakarambwa naMosesi. Rinogara rakadaro nguva dzose. Asi Mwari vanofambira mberi nenzira yaVakavimbisa kuti Vanozozviita. Hongu, changamire, haVakundikani kuzviita nenzira imwe cheteyo.

<sup>74</sup> Munhu akaona chiratidzo kana kunzwa inzwi raKe, haana kana kuRinzwisisa. Munguva dzakawanda haaiziva, nokuti anongori mudziyo waMwari. Ipfungwa dzaMwari dzichitaurwa nemumiromo yemunhu; pfungwa, hongu, ishoko raratidzwa. Mwari vanoZvisarudzira pachaVo nesarudzo yaVo—yaVo yakafanotemerwa. Vakazviita muzera roga-roga, Vakaisa munhu wezera roga—roga. Sepaya Mosesi, painge achizozadzisa izvo zvaAkataura kuna Abrahamama. Mosesi akazvarwa ari mwana kwaye, hapana chaaiita kuti zvive nzira iyoyo. Akazvarwa akadaro nokuti akazvarirwa chinangwa ichocho.

<sup>75</sup> Zvino saka tinoona kuti Mwari vanoita izvozvo muzera roga-roga. Mwari vanoita sarudzo dzaVo Vomene nekusarudza kwaVo pachaVo kwakafanotemerwa, vanosarudza vaporofita vaVo nezvinhu zvezera iroro; vogadzira—vogadzira hunhu hwake, hunhu hwemurume iyeye, nzira yemaparidziro emurume iyeye kuti... pachipo chavo nezvose zvaanoita, kuti zvisangane nekupikisa kwezva iroro. Mwari vanosika murume iyeye nokumutuma. Uye mupfungwa dzaVo pachaVo, sezvandakaparidza pazviri usiku hwapfuura, tiri chizenga chembeu yaMwari. Vaiziva kuti murume uyu achazenge aripo muzera rakati, pasati pava nemolecule, kana chiedza, kana chimwe chinhu chipi zvacho munyika.

<sup>76</sup> Nokuti uri chizenga chababa vako, uye wakanga uri muna baba vako, asi baba vako vakanga vasina yanano newe nokuti ivo... Wakanga urimo imomo, asi wakanga usingazvizivi uye naivo vakanga vasingazvizivi, asi wakaratidzwa kuti ugokwanisa... kuti vagoyanana newe. Zvino iwe wakaberekwa patsva, wakaberekwa noHupenyu Husingaperi. Uye ndiyo mhando yoga yoHupenyu Husingaperi, uye ndihwo Hupenyu hwaMwari. *Zoe*, shoko rechiGiriki nderokuti *Zoe*, mhando imwe chete yeHupenyu Husingaperi.

<sup>77</sup> Zvino kana uri mwanakomana waMwari kana mwanasikana waMwari, wakanga uri muna Mwari nguva dzose. Asi iYe waiziva nzvimbo nenguva yawaizodyarwa. Saka zvino waitwa chisikwa, mwanakomana waMwari, mwanakomana kana mwanasikana waMwari akaratidzwa kuti asangane nekupikisa kwenguva ino kuti usimbise Mwari wezvokwadi uye mupenyu wenguva ino, Mharidzo iyo iri kuuya munguva ino. Ndizvozvo chaizvo! Wakagadzirwa ipapo nyika isati yavambwa. Kana zvisina kudaro... Kana usina kusarudzwa nenzira iyoyo, hazvinei nokuti unoedza zvakadini kuZvitevedzera, haumbofi wakazvikwanisa. Ko ungowana sei ropa kubva mutenipi imo musina ropa mairi?

<sup>78</sup> Ndicho chikonzero ndichiedza kutaura pamusoro pevanhu vanofunga kuti takanga... tinodanidzira pamusoro pevakadzi vane vhudzi pfupi, navanhu vachinditaurira pamusoro pokuti ndinotaura zvinhu izvozvo, “Uchazviparadzira shumiro yako.” Kuparadza shumiro yakatemerwa naMwari pachaVo? Hazviiti!

Zvino vanhu pavanonzwa Shoko raMwari... Kana mwana aumbwa mumimba yaamai, kana chizenga chimwe chete chapinda imomo, chimwe chizenga chinovakwa pamusoro peichocho. Hazvizoti chimwe chizenga chemunhu, chinotevera chembwa, uye chinotevera ndechekiti, uye chinotevera ndechechimwewo; zvezmazvirokwazvo, zvoze ndezvemunhu, zvakakwana. Zvino kana munhu abarwa neMweya waMwari, haawedzeri chimwe chinhu muhupenyu hwake, Rinongori Shoko raMwari risina kusvibiswa rakasimbiswa renguva iyoyo. Anotora Shoko raMwari rakazara, haawedzeri zitendwa, kana chimwe chinhu maRiri. Harina kana kumbosvibiswa, Shoko raMwari rakaratidzwa pakati pedu.

<sup>79</sup> Tarirai muBhaibheri, munoona kuti ndepapi, chizvarwa chipi chatiri kurarama machiri zvino, apo munoona zvinhu zvikuru izvi zvichiratidzwa. Apo Mwari vakavimbisa kuti vanozoviita, Vanogara vachizviita kumagumo ezera roga-roga panosvikira kereke panzvimbo yokutsauka, uye yotsauka kubva paShoko ichidzokera muchivi nekuita zvemunyika. Kuita zvemunyika chivi. Bhaibheri rakati, “Kana uchida nyika kana zvinhu zvenyika, rudo rwaMwari harutomborimo mauri.”

<sup>80</sup> Ndichitaura usiku hwapfuura, ndaitaura pamusoro pechi—chibairo chakapiriswa, Gwayana. Aifanira kuva mazuva manomwe, zvichimirira mazera manomwe ekereke. Hapana mbiriso yaifanira kuwanikwa pakati pavanhu, hapaisava nembiriso mazuva manomwe. Zvinoreva kuti hapana chaisanganiswa naRo, haRina mbiriso, nguva dzose. Uye hatidi kana zvitendwa, mbiriso nezvinhu zvichisanganiswa pamwe nesu. Hatidi nyika kuti isanganiswe nesu. Chinofanira kuva Chingwa chaMwari chisina mbiriso, Shoko raMwari, Shoko raMwari risina kusvibiswa, rokuti, “Munhu achararama neShoko roga-roga rinobuda mumuromo waMwari.”

<sup>81</sup> Hurongwa hwedu hwemasangano, nekupesana nezvinhu, zvakaisa mbiriso matiri, uye *ichi neicho* nenyika nefashoni. Uye, o, zvasvika pakuti potse yangova Hollywood pose-pose. Zvichasvika pakuita sezvakaita England uko, kukokwa kuartari kunenge kwava kunyadzisa. Zvangu ini! Sezvataurwa nehama, “Ko ungaisa sei hove mugwa?” Ndizvozvo chaizvo.

<sup>82</sup> Tinofanira kuva neEvhangeri ichiparidzwa muhuzaro hwaYo, nesimba raMwari kusimbisa izvozvo zviru maererano nevimbiso yezera iroro uye nokuratidza kuti ndiko chaiko kuda kwaMwari. Kunze kwaiZvozvo unogori nhengo yekereke, hazvinei nokuti unoedza zvakadini, unoedza kuitira Mwari basa. Unokwanisa kuenda kuchita chokusona muchiruka, unokwanisa kutendeka zvakananyanya kukereke; asi kunze kwekunge chizenga cheHupenyu Husingaperi chakafanotemerwa mauri, kuti uve mwanakomana kana mwanasikana waMwari, unokura uri chimwe chinhu chisina

kukwana; asi kwete kuva mwanakomana kana mwanasikana waMwari chaiye, wechokwadi.

<sup>83</sup> Ndinowanza kutaura rungano rwangu rwuduku rwechapungu chiduku. Kuti murimi akarindirisa huku imwe nguva, uye aiva... Ndinotarira kuti hazviiti sekusaremekedza kwamuri. Asi murimi akarindirisa huku, uye yakanga... yaishoterwa nezai rimwe kuti igorindira. Ndinopokana kana pane anoziva zviru mazai anorindirwa akakwana, kuti anenge ari mangani. Asi, zvisinei, akanga akashoterwa nezai rimwe, kuti akwane. Saka akabira dendere rechapungu, chaiva nemazai maviri. Zvino akaisa zai racho pasi pehuku.

<sup>84</sup> Zvino pakachechenywa chapungu chiya pakati pehuku dzose idzi, chaiva shiri yaisetsa. Chakanga chisinganzwisisi kukukudza kwetseketsa, chisingatauri seyacho... samataurire achaida kuinzwa ichitaura. Zvino yaipara mudanga, uye ichidya kubva mudanga, chakanga chisiri chikafu chacho. Chakanga chiri chidhadha chiduku chakashata pakati padzo. Huku yaikukudza asi icho hachaizvinzwisisa. Yaienda uko yonodya *chino* nokudya *icho*, chakanga chisingazvinzwisisi. Zvino rimwe zuva mhai vacho, kana amai vacho, waro, kwamuri. Ini... Kuchamhembe tinoti “Mhai.”

<sup>85</sup> Saka, hazvinei, icho... amai vacho—vacho—vacho vaiziva kuti vaiva nemazai maviri, zvino rimwe chete rawo ndiro raivapo, vakatanga kutsvaga rimwe racho. Vakatenderera pose... vakagura nyika, vakazoguma vapfuura nepamusoro pechikwere. Vakachiona pasi apo chichitevera huku iya. Vakadanidzira, “Mudiki! Hausi huku, uri chapungu!” Zvakanzwika zvakanaka kwazvo kwachiri. Sei? Chakanga chiri chapungu kubvira pakutanga.

<sup>86</sup> Zvino kana murume kana mukadzi akagara pasi pazvitendwa nechitendero chinotonhora, chetsika, kana akatemerwa kuva mwanakomana waMwari, obva aona Shoko raMwari richiparidzwa musimba raRo, uye Mwari voRisimbisa; ichapungu kubvira pakutanga, anomhanya kwaRiri zviru pachena sokubatanidza zviru nezviru uchiwana zvina. Haana zvaanokwanisa kuita, nokuti hunhu hwake chaihwo hwunoda Shoko raMwari. Handinei nokuti mumwe munhu anoti chii, apo paanoona Shoko raMwari richiratidzwa, anobhururukira kwaRiri nokuti akanga ari chapungu chiduku.

<sup>87</sup> Sezvavanoenda mberi vachitaura, chakati, “Amai, ko ndichasimuka sei ndichibva pano?”

<sup>88</sup> Zvino Vakati, “Chingosvetuka, ndinokubata.”

<sup>89</sup> Ndicho chinhu choga chaunongoita, kungosvetuka kamwe chete netsoka dzako, kusvetukira kuna Mwari kamwe, vimbiso imwe, “Ishe Jesu, ndinoKutendai nomoyo wangu wose. Ndinotenda Mharidzo yenguva ino. NdinoIona ichisimbiswa, uye ndinoziva kuti Iyo ndeyechokwadi.” Svetuka netsoka dzako,



Mai vanokugamuchira. Usanetsekana, uri chapungu, vanenge varipo ipapo kuti vakutore.

<sup>90</sup> Zvino, tinoona kuti tiri kurarama munguva yakanakisa kwazvo uye nguva huru, asi apo zvokwadi dzeBhaibheri iri, vatendi vakazviona zvichisimbiswa, kutosimbiswa kwaRo ndicho chiratidzo chokuti Mwari varimo maRiri. Zvirokwazvo! Zvino iro Shoko riya rakavimbiswa, rakavimbiswa naMwari, riri kuziviswa. Mbeu yakatsemuka, zvino ivo vanoRiona nokuRitenda. Vamwe havatokwanisi kuRiona, neimwe nzira vanogara vongoRitarisa.

<sup>91</sup> Munoziva, ndakaparidza zvakawomarara kwazvo kuti—kuti...kudarika nemunyika ino, zvokuti hapafaniri kuva nemukadzi ane vhudzi pfupi muno munyika. Asi, nguva dzose, pandinodzoka, vanenge vatowedzera. Dambudziko nderei? Pane chimwe chinhu chakakanganisika! Munoziva kuti Shoko rinotaura kudaro! Unoti, “Saka, izvozvo hazvina kana mutsauko wazvinoita.” Zvine mutsauko wazvinoita!

<sup>92</sup> Pane imwe hama yakanaka, yakati, “Ndiri kuzoturika maoko pamusoro penyu, Hama Branham. Ndinokudai. Muri kuparadza shumiro yenyu.” Akati, “Harisi basa renyu rekuti muudze vakadzi pamusoro paizvozvo.” Akati, “Regai vafundisi vazviite.”

<sup>93</sup> Ndakati, “Asi ivo havasi kuzviita.” Ndikati, “Zvino...”

<sup>94</sup> Akati, “Saka, hazvinei nemi izvozvo, imi chingonamatirai vanorwara.”

<sup>95</sup> Ndikati, “Ibasa raani, zvino? Ndakadanirwa kuparidza Evhangeri.”

<sup>96</sup> Akati, “Ndichaturika maoko angu pamuri ndokumbira Mwari kuti azvibvise pamuri.”

<sup>97</sup> Ndikati, “Kana iwe ukanditendera—ukanditendera kuti nditurike maoko angu pamusoro pakowo, zvakare.” Maona? Zvino ndakati, “Ndichanamata kuti Mwari vazarure meso ako zvino ugoZviona.” Saka, ndizvozvo chaizvo!

<sup>98</sup> Akati, “Munofanira kuparidza...Vanhu vanokutendai kuti muri muranda, muporofita waMwari.” Akati, “Munofanira kudzidzisa vakadzi kuti—kuti vanowana sei zvipo zvikuru nekuporofita nezvinhu.”

<sup>99</sup> Ndakati, “Ko ndingavadzidzisa sei svomhu dzakawoma apo ivo vasingatombotendi maABC avo, kutanga?” Maona? Ndizvozvo chaizvo. Saka haukwanisi kudaro. Zvinongori mune ese...Ndizvozvo chaizvo. Kana usingakwanisi kuita zvinhu zvamazuva ose, ko unozokwanisa sei kuita zvinhu zvomweya? Zvinhu zvepanyama. Chokwadi! Hama, hanzvadzi, zvingaita sedambe, asi ndiYo Evhangeri! Ndiyo—Ndiyo Zvokwadi yeEvhangeri. Ndizvozvo chaizvo!

<sup>100</sup> Cherechedzai, tinoona nhasi kuti vanhu...Pane vanhu vazhinji vasingangogoni kuZvitenda, kunyangwe vanhu vakazadzwa neMweya. Ndinoda kukuudzai chimwe chinhu chichakukatyamadzai. Rubhabhatidzo rwoMweya Mutsvene harurevi kuti munopinda, kwete zvachose, kwete pana izvozvo, hazvinei nechokuita nomunhu wako wemukati. Ndirwo rubhabhatidzo, munoona. Umu ndimo mune munhu wemukati, muno *umu*, iyeye anofanira kubva kuna Mwari. Asi zvino kunze une manzwiro mashanu, uye mashanu kunze...masuwo kune ako...unobata musha wako wepanyika. Mukati, une mweya, zvino imomo une mikova mishanu: hana yako, nerudo, nezvimwe zvakadaro, mikova mishanu kumweya iwoyo. Rangarirai, mumweya imomo unokwanisa kubhabhatidzwa neMweya waMwari chaiwo asi unge wakatorasika. Munhu wemukati ndiye anorarama, akatemerwa naMwari.

<sup>101</sup> Ko Jesu haana kuti here, “Vazhinji vachauya kwaNdiri muzuva iroro, zvino voti, ‘Ishe, handina here kudzinga madhimoni, ndokuita mabasa makuru, esimba, kuporofita, zvipo zvikuru zvaMwari?’” Iye akati, “‘Ibvai kwaNdiri, imi munoita zvisakarurama, Ini handina kana kutombokuzivai.’ Vazhinji vachauya muzuva iro.”

<sup>102</sup> Ko Kayafasi haana kuporofita here? Akanga ari dhinyabhore. Tinoona ipapo...Nevaprisita vaya, vanhu vakuru ivavo, vaifanira kunge vanga vari vatungamiri vakuru mumazuva iwayo, vaine kuzvininipisa nezvimwe zvose, asi vakakundikana kuona Shoko raMwari pachaRo raratidzwa pamberi pavo.

<sup>103</sup> Tinokwanisa kungatora boka ravo avo vandakanyora pasi pano. Ko Bharamu? Akanga ari...Unoti, “Mwari vanoshandura pfungwa yaVo.” Havashanduri pfungwa yaVo!

<sup>104</sup> Apo Bharamu paakabuda semuporofita, ndokuenda kuzasi ikoko, mubhishopi, muparidzi, kana chero zvipi zvamungada kumudana, akanga ari munhu mukuru. Asi paakabvunza Mwari pamusoro pekudzika zasi ikoko kundotuka Israeri; akanga agara akavavenga. Saka paakakumbira kuenda, Mwari vakati, “Usaenda!”

<sup>105</sup> Zvino vakatumira muremekedzwa, rimwe boka, mamwe pamwe mabhishopi kana vakuru vedunhu, kana zvimwewo, zasi ikoko, ndokutaura, nedzidzo iri nani, vamunyengetedze. Akadzokera ndokunovhunza Mwari zvakare. Haufaniri kuvhunza Mwari rwepiri! Kana Mwari vachinge vazvitaure pokutanga, ndizvo zvaCho! Haufaniri kumirira chimwe chinhu.

<sup>106</sup> Rabheka haana kumirira kuti apiwe imwe rairo yechipiri. Vakamuvhunza, ndokuti, “Uchaenda here?”

<sup>107</sup> “Regai ataure.”

<sup>108</sup> Akati, “Ndinoenda!” Akanga akanyatsofemerwa naMwari zvakasimba. Akazova mumwe wevanamambokadzi vemuBhaibheri nokuda kwekutoita panguva iyo Mweya

waMwari waifamba paari kuti agamuchire icho chaiva chiri chokwadi chemazvirokwazvo, zvino akazvitenda.

<sup>109</sup> Zvino tinoona, Bharamu, chokwadi, akanga asingakwanisi kuona. Akabuda akanotarira pavanhu, akati, “Zvino, chimbomirai zvishoma! Tiri vanhu vakuru, vanoremekedzwa kwazvo kumusoro kuno, imi munongori boka rakangopararira.” Muri kuona? “Uye isu tose—isu tose tinotenda Mwari mumwe chete.”

<sup>110</sup> Ichokwadi. Vose vaitenda Mwari mumwe chete. Vose vainamata Jehovha. Tarirai chibayiro chaBharamu: maartari manomwe, nhamba yaMwari yakakwana; makereke manomwe, munooona; makondohwe manomwe, zvichitaura pamusoro pokuuya kwaShe. Pamaitirwo azvo, aingoita maitiro akafanana sezvaiva aMosesi; asi, munooona, pakanga pasina kusimbisa kwaMwari. Imomo, vakanga vari vaporofita vari vaviri.

<sup>111</sup> Asi pasi peshumiro yaMosesi, pakanga pane Shongwe yeMoto yemweya, Chiedza chairembera pamusasa. Pakanga pane kupodza kwaMwari, pakanga pane kudanidzira kwaMambo mumusasa, zviratidzo zvikuru, kupodza kwaMwari, nezvishamiso nezvinhu zvichiitwa pakati pavo. Chakanga chiri chiratidzo chaMwari mupenyu pakati pevanhu vaKe.

<sup>112</sup> Pamaitirwo azvo, vose vakanga vaita zvakanaka. Zvino Bharamu akaedza kutsvetera vanhu, akazovaroya kuti vapindemo mazviri. Riinhi? Vatova kuda kupinda munyika yechipikirwa. Zuva rimwe kana maviri, vaitobva vapinda munyika yechipikirwa.

<sup>113</sup> Asi zvino ndinotywa . . . Ichi chitaurwa chakawoma kuchiita, mamwe emazuva ano ndichapfurwa nokuda kwaCho. Asi rangarirai izvi, kuti, makereke ari kuroyiwa neEcumenical Council iyi, ari kukuendesai imomo chaimo, achiti, “Muri boka rimwe chete.” Hamusi boka rimwe chete! Ibvai mukati mezvinhu izvi muzvipatsanure! Chokwadi ndizvo, iChokwadi. Tinofanira kugarira kure nezvinhu izvi, samakwanisiro ose aungaita kubva kwazviri.

<sup>114</sup> Bharamu akati, “Tiri . . . regai tiite kuti vana vedu varoorane nokuti, futi, tinongotenda Mwari mumweyo.”

<sup>115</sup> “Ko vaviri vangafambidzana sei kunze kwekunge wawirirana?” Ungafamba sei naMwari kunze kwekunge wawirirana neShoko raVo? Ko ungawedzera sei zvitendwa nezvimwe kwaRiri, kana wakatemerwa kusazviita, kana kuti, wakarairwa kusazviita? Haukwanisi kuzviita. Hapana nzira yokuzviita, hama, hanzvadzi. Haukwanisi kusanganisa mbiriso iyoyo nechisina mbiriso. Mafuta nemvura hazvisangani. Rima nechiedza hazvisangani. Chiedza chine simba guru, chinodzingira rima kure.

<sup>116</sup> Zvino saka hatikwanisi kuzvisanganisa pamwe chete. Uyewo haukwanisi zvakare kusanganisa chivi nenyika pamwe

chete. Haukwaniisi kusanganisa Kereke nesangano pamwe chete. Haukwaniisi kusanganisa Kereke nechitendwa pamwe chete. Haukwaniisi kusanganisa nyika neEvhangeri pamwe chete. Hazvisangani! “Budai kubva pakati pavo, muzvipatsanure,” ndizvo zvinotaura Mwari, “Ndinokugamuchirai kwaNdiri. Munozova vanakomana navanasikana vaNgu, Ndichava Mwari kwamuri.” Hatikwaniisi kuzviita kusvikira zvinhu izvi zvaratidzwa, uye Shoko raMwari renguva raratidzwa kuti iChokwadi. Teverai nemumatsimba.

<sup>117</sup> Pentekosti, ndicho chikonzero Luther akarasikirwa nemharidzo yake. Ndiwo marasikirwo akaitwa naWesley mharidzo yake. Munoono, dai kereke yeHwisiri yakaenderera mberi, vangadai vakava maPentekosti. Dai maLutherani vakaenderera mberi, vangadai vakava maMethodisti. Maona? Zvino kana maPentekosti akaenderera mberi, anozova Mwenga. Kana mukaramba muri ikoko uye moramba muchidzokera munyika sekwamuri kuenda izvozvi, muchazorasika! Chinozova chikwande bedzi, uye negunde rinozopiswa. Tinovzivisa izvozvo. Vanounganidza Gorosi raVo mudura. Asi makwanda Vachaapisa nemoto usingadzimiki, kunyangwe chakanga chakatakura mbewu. Zvirokwasvo chakaItakura. Asi Hupenyu hwakabudamo pachakangova shizha, hwakabuda hwuchinoumba chimwe chinhu kusvika zvasvika pachimiro chakakwana.

<sup>118</sup> Saizvozvo Kereke inouya ichipfuura neMukururamiswa, Kucheneswa, Rubhabhatidzo rweMweya Mutsvene (kudzoreredzwa kwezvipa), kusvika chaipo pachimiro chakaumbwa chaKristu. Kristu ndiye Chikomba, Kereke ndiyo Mwenga, uye Mwenga chikamu cheChikomba. Inofanirwa kunge iri Kereke yeShoko, kwete kereke yesangano. Inenge iri Kereke yeShoko, Shoko rinoziviswa, uye kubudukidza neShoko raMwari rakasimbiswa.

<sup>119</sup> Bharamu, akanga asingakwaniisi kuona mutsauko. Vazhinji havakwaniisi.

<sup>120</sup> Farao akanga asingakwaniisi kuRiona, kunyangwe Rakasimbisa pamberi pake chaipo.

<sup>121</sup> Dhatani akatadza kuRiona. Dhatani akauya kunze ikoko, ndokuona Mosesi ndokuziva. Akaendako kunze ikoko, akati, “Unoedza kufunga kuti ndiwe woga muboka rino. Ungano yose itsvene!” Mwari havana kumboita mashandire iwawo. Aifanirwa kunge akaziva zviri nani kupfuura ipapo. Zvino akati, “Haiwa, unganano yose itsvene. Unoedza kuzviita iwe. . .” Kana tingazvitaure nhasi, mutauro womumugwagwa, “Nhombu yoga pamahombekombe egungwa.”

<sup>122</sup> Zvino Mosesi aiziva kuti Mwari vakanga vamutumira zasi ikoko nokuda kwaizvozvo. Akangoti, “Jehovha. . .” ndokuwira pamu—mukova wetabhanakeri.

123 Zvino Mwari vakati, “Zvipatsanure kubva kwaari.” Zvino iVo ndokuvamedza.

124 Zvino rangarirai, chivi chakaitwa neIsraeri (naBharamu achiti, “Vakangofanana vose.”), chivi ichocho hachina kumboregererwa Israeri. Zvino tarirai, regai ndikupei nhamba inoshamisa; kubva mumamiriyoni maviri evakabuda muEgipita, vaviri vavo vakapinda munyika yechipikirwa. Mumwe nomumwe wavo vose akadya zvakafanana, vose vakatamba muMweya, zvose zvinhu zvakanga zviru zvavo vose pamwe chete; asi pakasvika nguva yakapatsanuka, Shoko ndiro rakapatsanura. Zvakangodarowo nhasi! Shoko ndiro rakapatsanura! Apo pakasvika nguva, akati, “Handiti, pano, tiri. . .”

125 Pedyo napedyo kwazvo, tarirai, Bhaibheri rakati, “Mumazuva ekupedzisira mweya miviri,” Mateo 24:24, “inenge yava pedyo napedyo kwazvo, zvokutonyengera Vasanangurwa vacho chaivo dai zvaikwanisika.” Chikwande chakafanana zvikuru negorosi, asi hachisi gorosi. Maona? Hachisi gorosi, asi chinoratidzika zvikuru saro. Maona? Padyo kwazvo, zvaitonyengedza Vasanangurwa chaivo. Makaumba sangano mukawira musangano iroro, zvino makatowoma ndokufa, zvino gorosi rakaenda mberi nemu. . .Maona? Ndizvozvo chaizvo! Chinongori mutakuri, asi handicho gorosi.

126 Rangarira, gorosi rinoramba richingoenda mberi. Murumuko simba rose riya regorosi rinozopinda mugorosi, apo richienda kundoumba musoro, kuti izobuda murumuko rukuru.

Havana kutombokanganirwa!

127 Ngatimbomirayi pano kwechinguvana. Ndinovimba kuti handikudzipeyi. Asi, tarirai, regai ndikuvhunzei chimwe chinhu. Ngatimbotorai izvi. Toti, somuyenzaniso, kuverenga uku ndiko. Apo mbeu inobva kumurume nekumukadzi yauya, kana muchiziva tubhotoro tweekusanganisira kana—kana zvokugadzira masanganiswa nezvakadaro zvemombe, munoono kuti mbeu inobva mubhuru inobudisa zvizenga zvinenge miriyoni. Uye mbeu inobva mumhou inobuditsa mazai miriyoni. Asi munoziva here kuti chimwe chete chazvo ndicho chinobereka? Mhuru duku idzi, kana chero zvazvinenge zviru, muzvizenga mamiriyoni izvi, zvizenga miriyoni, panenge pane chizenga chimwe chete chiduku chinowana nzira yacho nepakati pazvo zvose choenda chondowana zai iroro rinobereka chobva chapinda mariri, zvino zvimwe zvose zvinofa. Chimwe chete chazvo ndicho chakatemerwa kuhupenyu, zvimwe hazvina, kunyangwe zvose zvakafanana. Mumwe chete kubva mumiriyoni!

128 Ko kana zvikange zvakadaro manheru ano? Pane mamiriyoni mazana mashanu, vanofanirwa kunge varipo, ndinofunga,

Makristu pasi rose, vakawanda zvakada kudaro, ingori nhamba izere. Kana Kubvutwa kukauya manheru ano zvino, pane vapenyu vanoenda, panenge pachingori nevanenge mazana mashanu evanhu. Zvakanaka, pane vakawanda zvakadaro vanoshaikwa pazuva, potse, vavasingakwanisi kuziva kwavari. Mwenga uchatorwa uchienda zvino toshaya kuziva kuti ndezvei; uye vanhu vanongoramba vachienderera mberi nekuparidza, vachiti vari “kuwana *ichi*, *nechocho*, *nechimwe*,” zvino tarisai kuti kunenge kuri kunyengedza kwakadini ikoko. Tomboti ndizvo zvazvinenge zviri; handisi kuti ndizvo zvazvinenge zviri, handizivi, handina simba pamusoro pazvo. Mwari ndiye Mutongi wazvo. Asi tarirai kuti zvinogona kuitika zviri nyore zvakadii, mumanhamba ose nezvinhu, kuti zvinogona sei kuratidzwa.

129 Sei Kora asina kuZviona? Sei Dhatani asina kuZviona?

130 Sei Ahabhu asina kuZviona? Apo Ahabhu... Apo Jehoshafati akaburukira kuna Ahabhu, akati, “Ahabhu, tiri mudambudziko. Unoziva here kuti Mwari vakatipa nyika iyi, Joshua akaigovanisa? Unoziva chidimbu chiya chenyika icho chakatorwa nevaSiria, haisi nyika yedu here iyoyo?”

“Hongu!”

131 “Vana vedu vane nzara, asi vaSiria (vavengi vedu) vari kutopa vana vavo zvokudya, vachizadza matumbu avo negorosi rinofanira kunge riri redu.” Ndizvo chaizvo pamagwaro. Akati, “Ungandibatsirawo here kuendako zvino tonoitara?”

132 Zvino, dzimwe nguva munhu akanaka ari pasi pefuriro yakaipa anongobvumira. Zviri nani mutarisise, kereke, nyatsotarisaisai.

133 Zvino, chinhu chokutanga munoziva, Jehoshafati, semunhu mukuru anonamata, akati, “Saka, tinofanira kuendako, chokwadi, kukereke yedu, tinongori vanhu vamwe chete.” Asi vakanga vasiri vanhu vamwe chete! Kwete! Akati, “Zvakanaka, kereke yedu ikereke yenyu, vanhu vedu vanhu venyu. Chokwadi, tinoenda,” akati, “asi ngativhunzei Jehovha kutanga.”

134 Saka akati, “O...” (Ahabhu) “...zvakanaka, pasina kupokana, tinofanirwa kunge tafunga nezvazvo. Saka, ticha...”

135 “Pane muporofita waJehovha here?”

136 Akati, “Ndine seminari izere navo. Ndine mazana mana zasi kuno, vakanakisisa vacho varipo. Vose vane maPh.D., L.L.D., nemaL. avo maviri naD., nezvimwe zvose zvinoenderana nazvo. Vari mumwe nomumwe wavo...” Zvino rangarirai, vakanga vari vaporofita ve*Chiheberu*, vakabva pachikoro chevaporofita.

137 Akati, “Vaunzei kuno, regedzai tivanzwe.”

138 Zvino, ndinotenda kuti aive Zedhekiya (mutungamiri mukuru wamabhishopi, ose zvawo) akauya ipapo, uye akanga

akafemerwa. Akanga akafemerwa, zvirokwasvo. Akauya ipapo, ndokuzvigadzirira nyanga mbiri dzedare. Akati, “Munoziva, ZVANZI NAJEHOVHA, ‘Muchatora nyanga idzi mosundira maSiria kunze kwenyika.’”

139 Hongu, vamwe vose vakaporofita, “Ndizvozvo chaizvo!” Mumwe nemumwe wavo, seminari yose, yakawirirana. Maona?

140 Ahabhu akati, “Uri kuona?”

141 Jehoshafati, semunhu womweya, munoziva, akanga asina kunge ati awoma, akati, “Asi hakuna mumwezve here kune imwe nzvimbo, watingabvunza?”

142 “Chii chaunoda kuvhunza kune vamwe, apo Ecumenical (kanzuru yose), ichiti ‘Zvakanaka?’” (Ndiregerereiwo, munoono.) “Boka rose rakataura, ‘Ndizvo zvatino fanira kuita.’” Maona? “Ndizvo zvatino fanira kuita.”

143 Akati, “Asi hakuna mumwezve here kune imwe nzvimbo?” Uya asinganzwisisike, munoziva.

144 Akati, “Hongu, ariko. Ariko mumwe, Mikaya mwanakomana waImra, asi ndinomuvenga.” Zvinongogara zvakadaro. “Ndinomuvenga nokuti nguva dzose anenge achingotsiura vanhu vedu, nekunditukurira, nekungonditaurira zvose zvakaipa pamusoro pangu. Ndinovenga murume wacho!”

145 Akati, “Haiwa, mambo ngavarege kutaura saizvozvo.” Akati, “Endai munomutora.”

146 Saka vakaendako kumwanakomana waImra, vamwe vama—mabhishopi, kana, vamwe vevakuru, zvino vakaendako, vakati, “Zvino, teerera, unoda kudzoka musangano zvakare here? Unogotaura zvinhu zvimwe chete zvavanotaura, vanozokudzosa.”

147 Asi zvakaikwa kuti Mwari vakanga vane mumwe munhu uyo wavakanga vasingakwanisi kuisa namaoko avo paari; Mwari vakanga vakaisa maoko avo paari. Akanga achingori chadzera cheChokwadi chaMwari. Akati, “Chokwadi,” akati, “ndinoendako, asi ndichangotaura bedzi zvinoiswa mumuromo mangu naMwari.” Heunoi munhu waMwari. Akati, “Ndipeiwo usiku huno.” Saka usiku hwakasvika, zvino Jehovha vakataura kumuporofita, kamunhu kasina matura. Zvino chinhu chokutanga munoziva, akauya mangwani aitevera.

Akati, “Zvoitwa sei, Imura?”

148 Akati, “Endai henyu,” akati, “asi ndaona Israeri yakapararira samakwai muchikomo, isina mufudzi.”

149 Akati, “Ndakuudzai kuti kudini! Ndakuudzai kuti kudini nezvazvo!” Zvino akati. . .

150 Zvino mubhishopi mukuru akafamba ndokuuyapo ndokumuwatsura pamuromo, akati, “Ko Mweya waMwari wafamba nenzira ipi? Nokuti ndinoziva kuti ndanga ndine

Mweya; ndatamba maUri, ndaita zvinhu zvose izvi. Unoon, nda—ndanga ndine Mweya pamusoro pangu. Wafamba Uchienda nenzira ipi?”

<sup>151</sup> Zvino, munoona, Imura ari mwana waMwari, kana kuti muporofita waMwari chaiye, akawongorora chiratidzo chake neShoko. Dai chakanga chisiri kuenderana neShoko, chakatsveyama. Maona? Shoko renguva iyoyo, munoona. Zvino, akati maererano nemagwaro, nyika yaiva yavo, nyika yakanga iri yavo. Maererano nemagwaro, zvinhu zvose zvairatidzika sokunge zvakanga zvakanaka kunze kwechinhu chimwe chete.

<sup>152</sup> Rangarirai, rakanga riri Shoko rimwe rakakonzero kuti nyonganyonga yose iuye, Evha akapokana Shoko rimwe chete raMwari; kwekutanga kweBhaibheri, Shoko rimwe chete rakauza dambudziko. Jesu, akauya pakati peBhaibheri, akati, “Munhu anorarama neShoko roga-roga rinobuda mumuromo waMwari.” Pamagumo eBhaibheri, akati, “Ani nani anobvisa Shoko rimwe chete kana kuwedzera shoko rimwe chete kwaRiri.”

<sup>153</sup> Hazvizi chikamu cheEvhangeri...MaMethodisti ane chikamu, maBaptisti, maPresbyteriani, nevamwe vakadaro, vaiva nechikamu chaRo, maKatorike vaiva nechikamu chaRo, veZvapupu zvaJehovha, nevamwe vose.

<sup>154</sup> Asi IShoko rose rakazara, Shoko rose, Shoko renguva; ndiro rine basa. Zvino hatikwanisi kuzviita kusara kwekunge Mwari vazodza muporofita anogona kumira oRitaura, nokuRisimbisa, nokuRiratidza kuti iChokwadi. Rinongopinda napakati pavanhu, havazomboRizivi, sezvazvakangogara zviri.

<sup>155</sup> Iwe muKatorike, saJoan of Arc, makamupisira pamatanda muchimupumha uroyi; pamberi apo makazofukunura mitumbi yavaprisita vacho, kwaperi makore mazana maviri, ndokuikandira murwizi. Makanga musingazivi Mutsvene Patrick nevamwe vacho vose.

<sup>156</sup> Zvichangotsvedza nemumaoko enyu zvakare, chokutanga munoziva. Mwari vachazviita, uye hamutozombozivi kuti zvaitika. Munoona, iVo vanongopinda chiverere votora Mwenga waVo zvino voenda naYe kumusoro chaiko, voenda naYe chinyararire, kubva pakati pavanhu chaipo.

<sup>157</sup> Tinoona kuti, Mikaya uyu akawongorora, aiziva kuti Mwari vakanga vataura, kuburikidza nemuporofita chaiye akamutangira. Muporofita akamutangira, akataura kuti kudiniko? Akataura izvi, akati, “Ahabhu, nokuti wadeura akarurama, kana kuti ropa raNabhoti wakarurama, imbwa dzichanzva ropa rakowo zvakare, naJezebheri.” Uye ndizvozvo chaizvo, zvaifanira kutoitika nokuti Mwari vakanga vazvita. Ko muporofita uyu aizoporofita sei zvakanaka kana pakanga pane zvakaipa pamusoro pazvo?



158 Ko ndingataura zvakanaka sei kuZera rino reKereke yeRaodhikia apo Mwari vakataura zvakaipa pamusoro paro? Hamuna kusimira, makasuwa! Unoti, “Ndakapfuma, ndine zviri nani. . . ndine makereke semaMethodisti, nemaBaptisti, nemaPresbyteriani. Ndine *iyi*, ndine *iyi*; inokunda dzose *iyi*, *iyi*, *neimwe*.” Ndizvozvo, asi hauzivi kuti hauna kusimira, uri bofu, wakasuwa, kuchinhu chaicho icho Mwari vari kuratidza. Chinotopfuura nemauri chaimo, saizvozvo, chichitobuda hacho. Maona? Tendai, vanhuwee, nguva isati yapera.

159 Zvino, tinoona kuti akamurova pamuromo, akati, “Ndeipi nzira iyo Mweya waMwari. . .?”

160 Mikaya akati, “Ndaona Mwari vakagara paChigaro choushe. Zvino vose. . . Akadana nhume dzose dzoKudenga, ndokuti, ‘Ko ndiyani watingawana kuti aende pasi agononyengera Ahabhu?’” Akati, “Zvino mumwe mweya unoreva nhema wakauyako ukawira pamberi paMwari; murevi wenhema.” Zvino rangarirai, mweya uya unoreva nhema wapakinda muvaporofita ivavo, vaifanira kunge vakaziva ipapo kuti mweya wakanga uri pamusoro pavo wakanga usiri kuenderana neShoko. Asi vakanga vakabatikana kwazvo nokuti vakanga vari vaporofita vamambo, nokuti vakanga vaine zvinhu zvose zvakanakira.

161 Uye ndizvo zvaitwa nekereke nhasi. Makabva pachitiko chakare chamakanga munacho makore apfuura apo maimira pakona yemugwagwa muchiparidza Evhangeri. Ndokubudamo mumasangano ndokuzvidana kuti “vanhu vakasununguka” (Hei!) nokuti maputirwa mazviri zvakare, senguruve kumatope ayo kana imbwa kumarutsi ayo. Kana zvakaikonzera kuti irutse pokutanga, zvinongoiita kuti irutse zvakare. Ndizvozvo chaizvo! Mwari vakusvipai kubva mumuromo maVo, Vakati, “Munodziya, hamupisi kana kutonhora”; munongova nemisangano mishoma, zvino moridza mimhanzi, mishoma, ne—nekuimba zvisihoma, apo, zvinenge zvirokwasvo. . . zvasvika pakuva chinyadzo kuChikristu.

162 Mwanakomana wangu akandidana rimwe zuva kuti nditarise terevhizheni, anofanira kunge anga ari makwikwi okuimba panouya vanhu. Iri boka retwuvanaRicky twaingwe twakamira ipapo, twuchitamba-tamba serock-and-roll iyi, twuchiimba nziyo dzechitendero, izvi zvinonyadzisa kuna Jesu Kristu! Hamuchisina kuremekedza zvachose mukereke. Zvinoratidzika sokuti zvangova zvimwewo zverock-and-roll, nemutambo wekuratidza mafashoni, pachinzvimbo cheKereke yaMwari mupenyu umo Jesu Kristu anokwanisa kuzviratidza pachaKe musimba. Zvinoratidzika kwandiri, pane chimwe chinhu chakanganisika pane imwe nzvimbo. Vari kutsvedza vachienda. Uye Bhaibheri rakati zvichazodai. Maona? Tarirai kuti mava papi. Chenjererai, pepukai nguva isati yapera.

163 Zvino tinoona kuti, iYe akati, “Ndiani watingawana kuti aende kunze uko kunonyengera Ahabhu, kuti aendeko kuti azadzikise mashoko emuporofita uya?” Munoono, kana muporofita ataura Shoko, matenga nyenyika zvinopfuura asi haRikwanisi kukundikana. Rinofanira kuzadzikiswa. Saka ndizvozvo, zvaifanira kutoitika.

164 Akati, “Pinzai murume uyu mujeri remukati-kati, mupei chingwa chokutambudzika nemvura yokutambudzika. Kana ndadzoka murugare, ndichazoshanda naye.”

165 Mikaya akamira ipapo akasimba, achiziva kuti aiva neMweya waMwari. Chiporofita chake, zviratidzo zvake zvaiva zviri izvo chaizvo. Mharidzo yake yaiva yechokwadi, nokuti Yaiva ZVANZI NAJEHOVHA kubva muzviratidzo, ZVANZI NAJEHOVHA kubva muShoko. Yaifanira kuva yechokwadi, yaiva ZVANZI NAJEHOVHA. Akati, “Ndokunge kana uri wazodzoka, Mwari havana kumbotaura neni.” Zvino munoziva kuti zvii zvakaitika, ndizvozvo. Munoono, imi . . .

166 Nzwisisa, hama. Teerera.

167 Chokwadi, Kayafasi, akanga asingaZvioni. Sei asina kutarisa zasi . . .? Aiva—aiva mubhishopi, aiva papa wamakereke ose pamwe chete. Sei murume uyu asina kuona Jesu akamira ipapo? Sei akatadza kunzwisisa? Pavaiimba Mapisarema 23, Mapisarema 22, waro, mukereke, nokuti, “Mwari waNgu, Mwari waNgu, ko MaNdisiireiko?” zvino heunoi Akanga akarembera pamuchinjikwa. Magwaro acho chaiwo, Mwari wacho chaiye wavainamata, vaiMupomera mhosva nokuMuuraya nokuti “mupengo.” Hezvoka izvo.

168 Zvinozokukatyamadzai kana ndingakuudzai kuti zvava kuda kudzokorora zvakare. Bhaibheri rakati iYe akanga ari panze ari kuedza kugogodza kuti apinde mukati, uye hapana aiMutendera kupinda, “Uyo waNdinoda Ndinoranga pamwe nokutsiura, Ndinomutuka, Ndinomuzunzira pasi, asi nokuti Ndinomuda. Zarura uNditendere kupinda mukati.” Hongu. Ndokutadza . . . “Rangarirai, ndakanga ndisingadi kupinda mukereke; ndiye *uyo*, dungamunhu.” Iye akanga asingakwanisi kupinda mukereke, Akanga avharirwa panze. Bedzi . . .zvino, sangano roga rawo ose, ndiro zera rino rekereke, iro raAkanga ari panze pekereke. Akabuditswa kunze! Akarambirwa! Akarambwa! Nokuti . . . Akanga aratidzwa bedzi zvishoma mune mamwe makereke, muchimiro chekururamiswa, nezvakadaro; asi muno umu, zera riri kuuya zvino, ndiko kuratidzwa kwakazara kwekusimbiswa kwaJesu Kristu mumwe chete zero, nhasi, nokusingaperi. O, ndinobvuma kuti tine vatevedzeri vakawanda kwazvo, asi ongororai wokutanga wacho, wepamvambo.

169 Mosei akadzika nemirairo yaMwari, kunodzikinura Israeri; uye zvino paakazviita, akaitawo zvimwe zvishamiso.

Vatevedzeri vakamutevera. Dai vaive ivo vakatanga, iye angadai akava mutevedzeri. Munoono, akanga ane Shoko rajehovha, uye Jehovha vakasimbisa; akangogara hake akaterama.

<sup>170</sup> Uye, munoziva, chinhu chimwe chete ichocho chakavimbiswa mumazuva okupedzisira? “SaJambre naJane vakadzivisa Mosesi, saka ndizvozvowo zvichaitwa nevanhu ava vane pfungwa dzakapata maererano neZvokwadi.” Uye kana sangano rikachengeta. . .rikatora munhu nemusangano iroro, zvakaraidza kuti hazvina kubva kuna Mwari; nokuti, Mwari vanoita zvinhu izvozvwo kuti vakwezve pfungwa dzavanhu, zvino Mharidzo yozotevera. Kana zvisina kudaro, zvino havasi Mwari. Havasi Mwari! Mwari vanogara vachizviita izvozvwo.

<sup>171</sup> Judhasi akanga asingaZvinzwisisi. Akatofamba pamwe naYe, haana kuZviona.

<sup>172</sup> Asi chaicho, chakatemerwa naMwari, chizenga chiya chaicho, chizenga chiya chaicho, munhu wemukati waMwari akanga ari muna Mwari nyika isati yavambwa; rangarirai, imi munonyatsova neMweya waMwari mamuri manheru ano, makanga muri muno muna Kristu nokuti iYe akanga ari huzaro hweShoko. Akanga ari huzaro weHumwari mumutumbi. Mwari vaiva muna Kristu, vachiyananisa nyika kwavari iVo. Munozvitenda here? Tarirai, iVo vaiva muna Kristu. Zvino kana wakanga uri muna Mwari, chizenga, shoko, chizenga kubva pamavambo, zvino wakafamba naYe pano panyika, wakataura naYe panyika, wakatambudzika pamwe naYe panyika, wakafa pamwe naYe paKarivhari, uye wakamuka naYe zvakare; uye izvozvwo wakatogara munzvimbo dzoKudenga muna Kristu Jesu, uchitaurirana naYe (Shoko) paRinenge richidiyiwa mumoyo mako, nokuti, “Munhu achararama neShoko roga-roga rinobuda.”

<sup>173</sup> Kwete shoko reMethodisti, shoko reBaptisti; rangarirai, kana pane musariridzwa pachibairo, unofanira kupiswa mangwanani asati asvika, nokuti mangwana rimwe zera rekereke. Ndizvo here? Eksodho, iChokwadi. Chiratidzo, mufananidzo weChipiriso.

<sup>174</sup> Mukova. Vakati, “Ndichagadzira nzvimbo imwe chete. Rega. . .Hamusi kuzoNdinamata mumasuwo ose aNdakakupai; asi pane Suwo rimwe chete, zvino muSuwo iroro Ndichaisa Zita raNgu.” Uye apo Jehovha anoisa Zita raKe, ndiyo nzvimbo apo Mwari paVanogamuchira chibayiro chako. Takagadzira masuwo emhando dzose, asi Mwari vakagadzira Suwo. Mwari vakagadzira Suwo, zvino Suwo iri raiva. . .Mutsvene Johane chitsauko 10, Jesu Akai, “Ndini Suwo.”

<sup>175</sup> Mwari vakaisa Zita raVo muna Jesu. Munozvitenda here? Akanga ari Mwanakomana waMwari. Mwanakomana wose anouya muzita rababa vake. Akati, “Ndakauya muZita raBaba vaNgu, mukasaNdigamuchira.” Ndakauya muzita rababa

vangu, wakauya muzita rababa vako. Jesu akauya muZita raBaba vaKe, saka Zita raBaba vaKe ndiJesu; ndizvozvo chaizvo, nokuti Akauya muZita raBaba vaKe.

<sup>176</sup> “Asi hamuna kuNdigamuchira. Mumwe achauya, zvino iyeye muchamugamuchira.” Muchatora masangano enyu mofambira mberi nawo. Chingoendererai mberi, Bhaibheri rakati, “Vakamutswa kuti vazadzise nzvimbo iyoyo. Mapofu, havana kusimira, uye havazvizivi.” Kereke, chinamoto, o, vakaperera kwazvo, zvakangofanana nezvakanga zvakaita Kaini; ndokugadzira chipiriso, ndokuita zvimwe chete sezvakangoitwa naAbheri. Asi nechizaruro akazarurirwa kuti chiiitiko chacho chaiva chii, kwete michero yomumunda nezvimwe zvaunoita namaoko ako.

<sup>177</sup> Mutendi anokwanisa kuona Shoko raitwa nyama; vamwe havakwanisi kudaro.

<sup>178</sup> Vose vaIsraeri, mushure mokuona Mosesi achiita izvozvo nokuvaunza kukanzuru huru, uko kwayaifanira kuitwa, mumwe nomumwe wavo akati, “Tichaenda naBharamu, nokuti tinofunga kuti Chiremba Bharamu zvavari ndezvechokwadi. Vakachenjera zvakanyanya, vakanyanya kudzidza, zvose, saka tinongozvigamuchira.”

<sup>179</sup> Zvino Mwari havana kumbovaregerera, Vakavaparadza murenje imomo makare. Zvino Jesu akati, pachaKe, “Havambofi vakauya zvachose, hapana kana mumwe wavo akaponeswa.” Jesu akati . . .

<sup>180</sup> Vakati, “Madzibaba edu akadya mana murenje kwamakore makumi mana.”

<sup>181</sup> Iye akati, “Mumwe nomumwe wavo akafa, kupatsanurwa kubva kuna Mwari Nokusingaperi. Mumwe nomumwe wavo akafa.” Zvirokwazvo! Nokuti vakateerera kune kutsauka. Apo Mosesi, akasimbiswa naMwari, uye mutungamiri anovaradidza nzira yokuenda kunyika yechipikirwa, zvino vakanga vafamba kusvika ipapo zvakana, asi vakakundikana kuenda mberi naye.

<sup>182</sup> Zvino, vatendi vanogona kuZviona, asi vasingatendi havakwanisi kuZviona zvichisimbiswa.

<sup>183</sup> Cherechedzai kuti Kayafasi akanga ari munamati akadini. Tarirai kuti ivo vaprisita vakanga vari vanamati vakadini. Zvino Jesu akatendeuka, akati, “Muri vababa venyu dhiyabhore, uye mabasa ake muchaita.”

<sup>184</sup> Asi pakanga pane vatendi vashoma vakanga vakagara ipapo. Munofunga here kuti vadzidzi vangadai vakanzwisisa Jesu paakataura kuti, “Ini naBaba tiri mumwe?” Vakanga vasingakwanisi kuZvitsanangura. Apo iYe akati, “Kunze kwekunge madya nyama yeMwanakomana womunhu, kunwa Ropa raKe, hamuna Hupenyu,” vaikwanisa kuZvitsanangura

here? Kwete. Asi vaiZvitenda, nokuti vakaona Mwari vachisimbiswa pamwe nokuitwa nyama.

<sup>185</sup> Jesu akati, “Kana ndisingaiti mabasa aBaba vaNgu, zvadaro musaNditenda. Asi kana Ndichiita mabasa aBaba vagu, Shoko rakafanotaurwa pamusoro paNgu kuti ndichaita, zvino imi. . . Kana musingaNditendi, tendai mabasa aNdinoita, kuti mugoponeswa.” Maona? Jesu akati, “Makwai angu anoziva Inzwi raNgu. Anoziva Shoko raNgu, anoRiona kana Rasimbiswa muzera racho.”

<sup>186</sup> “Saka, Kayafasi aizivawo Shoko zvakare!” Asi kwete Shoko rezera *iroro*. Akanga ane shoko rezvakanga zvatutirwa maari nevaFarise, asi kwete Shoko rakasimbiswa renguva.

<sup>187</sup> “Vanoziva Inzwi raNgu, vanoziva chiratidzo chaNgu, vanoziva chishamiso chaNgu.” Sei zvino, kuti. . .

<sup>188</sup> O, ngatidzokerei kuchidzidzo chedu, nokuti ticharasikirwa nezvakawanda zveGwaro iri kana tikasadaro, nokuti ndinofanira kuvhara mumaminitsi mashoma anotevera kunyangwe zvakadaro, nokuti dzinenge dzava ten o'clock mumaminitsi mashoma anotevera. NdinoMuda.

<sup>189</sup> Shamwari, imi vanhu mafamba muchidzika nenzira iyo yepakati pezvigaro ndokuisa mupiro wenyu nguva pfupi yapfuura; vanhu vakapa zvokudya kuvana vangu, nokuvapfekedza nguwo; vanhu vaisa mari yavo (iyo yamakawana nokushanda nesimba) mundiro yomupiro, munoziva kuti inoendepi? Inondibatsira kuenda mhiri kwemakungwa kuvahedheni vasina kana chinhu chavakambonzwa nezvaMwari. Ndizvo zvandinoita nayo, kobiri rose, Mwari ndiye Mutongi wangu. Pano pane vamwe vangu. . . murume wacho akagara pano ari mu—mubati wehomwe wekereke yangu. Ndinowana madhora zana pavhiki, uye ndiyo yoga; imwe yose inoenda kundoshanda kumisangano yemhiri kwemakungwa uko kwavasingakwanisi kuuya.

<sup>190</sup> Makereke havachandigamuchiri. Havachandidi. Kwete. Ndizvozvo chaizvo! Vava kunditumidza zvino kuti: “Ano- . . .” Vanoti, “Mu ‘Jesus Only,’ kana kuti akada kuita zvakadaro, kana murasiki pachitendero, mupengo, uye nezvose zvakadaro, mu—muJezebheri.” Uye ndi—ndinozvitarisira, vakadana Ishe vangu kuti, “Jezebheri,” uye vakaMuti. . . kwete Jezebheri, asi “Bherizebhabhu.” VakaMudana mazita ose akashata aya. “Kana vakadana Tenzi wemusha, ‘Bherizebhabhu,’ zvichawedzera zvakadini zvavachadana vadzidzi vaKe?” Saka hazvina mutsauko wazvinoita.

<sup>191</sup> Zvino imi pachenyu, nerubatsiro rwaMwari, munofunga kuti ndingamira kuno uku, somunyengeri mukuru, ndokuudzai chimwe chinhu. . . ? Kana kuti, handingadai here ndiri mugwara nechinhu chacho kana ndaifunga kuti chakabva kuna Mwari?

<sup>192</sup> Asi kana ndichikudai uye ndichiziva Chokwadi... Makambonzwa here ndichitaura chimwe chinhu muZita raShe kunze kwezvinoitika? Kwete. Ndinovhunza chero ani zvake. Pane zviuru zvezvinhu zvakataurwa, zvose hazvo zvakaitika. Rangarirai nguva iya Samueri paakadanwa, ndinotenda kuti ndiye, zvino akati...? Israeri yakanga ichida kuzviita semamwe marudzi ose. Ndipo pamava kusvikawo imi maPentekosti. Munoda kuita sevamwe vanhu vose. Hamusi vanhu vemhando yakadaro. Garirai kure nazvo. Makereke makuru nezvinhu zvikuru zvakana, O hama, musaita izvozvo. Tinoparidza kuti kuuya kwaShe kwaswewera, ngatipindei muminda zasi uko tizivise muhedheni. Munooona, wana chinhu chaunoita nezvazvo.

<sup>193</sup> Asi, munoona, Samueri akati, “Pane here pandakambokutorerai mari yenyu kuti ndiwane kurarama?”

<sup>194</sup> Vakati, “Kwete, Samueri, hauna kumboita izvozvo.”

<sup>195</sup> Akati, “Ndakambokuudzai here chimwe chinhu muZita raJehovha kunze kwezvinoitika?”

<sup>196</sup> “O, ndizvozvo, Samueri. Tinotenda kuti uri muporofita akatumwa kubva kuna Mwari. Hongu, changamire. Zvose zvawakataura zvakazadzikiswa, Samueri. Asi tinongozvida zvakadaro.” Munooona zvakaitika. O hama, Rugwaro rwunoramba rwuchizvidzokorora pachaRwo kukwira nokudzika nemuMagwaro, nokuti inzira yaMwari yokuzviita, munoona. Munooona, munosvika panguva dzakadai.

<sup>197</sup> Ngatiendei kuchidzidzo chedu nokukurumidza. Zvino, nguva yose iyi ndanga ndiri, uye handisati ndasvika pachidzidzo changu nazvino.

<sup>198</sup> Zviri pamoyo pangu! Ndinokudai! Musaparara pamwe nenyika! Kana uri wenyika, unoparara pamwe nenyika. Kana uri waMwari, unoenda naYe murumuko. Saka shandura hunhu hwako manheru ano kubva kurudo rwenyika nezvinhu zvenyika, nezvitendwa zvose izvi nezvinhu, wotarisa wakananga kuKarivhari kuChipiriso chako; sangana naYe ipapo panzvimbo idzodzo, nokuti ndiyo nzvimbo yoga yaAnosangana newe. Iye...

<sup>199</sup> MaMethodisti anoti, “Iri mukereke yedu”; maBaptisti anoti, nemaPentekosti, *neiyi*, nemaPresbyteriani, *neiyi*.

<sup>200</sup> Asi Vakati, “Ndinosangana navo panzvimbo imwe chete, Nzvimbo yaNdinoisa Zita raNgu.” Ndemuna Jesu Kristu. Ndipo pakaiswa naMwari Zita raVo. Ndiyo Nzvimbo yoga yaVanosangana newe; uye ndiKristu, iShoko, mumwe chete zuro...Yakura kubva kutsoka, ichidya. Uye zvino yava mumusoro, ichigadzirira kuenda; ichiratidza Mwenga muhuzaro, zvimwe chetezvo seChikomba.

<sup>201</sup> Zvino ngatichienda kuchidzidzo chedu, nokukurumidza, kwemaminiti angaita gumi, zvino tozovhara. Zvino chidzidzo

chedu, isu tose tinoda kuchicherechedza. Zvakaitika zvakare, sechidzidzo chedu, semaitikire azvo nguva dzose.

<sup>202</sup> Mwari vakatuma muporofita waVo paVakanga... Shoko rakanga ravimbisa zvaMaraki 3, “Mutumwa waNdinotuma pamberi pechiso chaNgu,” kufanoenda mberi kwekuuya kwaKe.

<sup>203</sup> Zvino kana uchida kuzvisimbisa, kuzviratidza, Mateo, chitsauko 11, inosimbisa zvimwe chete. Apo vadzidzi vaJohane vakauyako ndokuona Jesu, vakati, “Johane ari mutirongo.” Vakati, “Tauya kuzoKubvunzai kana iye...”

<sup>204</sup> Ziso raJohane rechapungu rakanga rava kuona madzerere. Uye akanga ari mutirongo, akanga oda kufa; akati, “Endai munuMuvhunza.”

<sup>205</sup> Munoono, Johane akati, “O, rusero rwaKe rwuri muruoko rwaKe, Achachenesa buriro raKe.” Aifunga kuti Mireniyamu yaizotanga pakarepo, aifunga kuti tsanga dzaibva. Asi yaifanira kufa yopinda mugunde, ndokudzoka zvakare kuzogadzira Mwenga wechokwadi. Saka akati, “Achaunganidza gorosi raKe mudura, uye iYe wozopisa, nomoto.” Cherechedzai uyo—uyo akafanotungamira kuuya kwaKristu muzera *iroro*, zvaakataura kuti zvaizoitika. “Tsanga...”

<sup>206</sup> Uye ndinotenda kuti hamuna kukotsira. Tsanga yave pano! Ichaunganidzwa mudura. Akanga ari Mwenga wacho, icho chikamu chacho. Asi iYe akati chii chichazoitika kugunde? Richapiswa nomoto usingadzimiki. Tsvaka ruponiso izvozvi uchiri kukwanisa. Iva tsanga, kwete gunde. Maona? Pinda muHupenyu, kwete maitiro ekare akafa; pinda muHupenyu hwaKristu, Shoko rakaratidzwa, *iro...* rakaratidzwa nokusimbiswa kudaro. Ndiyoyi—ndiyoyi nguva yekuunganidza, muchina unokohwa uri kuuya. Zviri nani upinde mutsanga, nokuti chikwande chichasara.

<sup>207</sup> Zvino, tinoona kuti zvakaitika, Jesu...Kuti ndependere chinokorwa changu pano, Mateo 11 uyu. Munoono, iYe haana kupa Johane...Akati, “Zvino, mirai, Ndichapa Johane bhuku riri maererano nemazvibatare aanofanira kuita, *Mutendi Ari Jeri*.” Kwete! Akati, “Mirai pano muone zvinoitika. Dzokerai munoratidza Johane zviri kuitika: zvirema zvinofamba, mapofu anoona, vakafa vanomutswa, uye neEvhangeri inoparidzwa kuvarombo.” Ndizvo chaizvo zvakataurwa nomuporofita kuti zvinozoitika. “Uye wakaropafadzwa iwe usingagumbuswi neNi.”

<sup>208</sup> Zvino vadzidzi vake vakatanga kudarika nepachikomo, iYe akatendeuka, Akati, “Ko makanga maenda kunooneiko apo makaenda konoona Johane? Makaenda kundoona munhu anobatikana nokupfeka nguwo dzakapfava here, nezvakadaro, kora yakapindurudzwa, nezvose izvi, munoziva?” Akati, “Vari mumizinda yanamambo, vanosvepura vacheche nokuviga vakafa, haazivi kuti anobata sei munondo unocheka nenhivi

mbiri.” Maona? Vakati, “Makaenda kunooneiko? Ru—rutsanga rwunozunguzwa mhengo yese-yese here?” (“Huya kuno, Johane, ndinokupa mari yakawanda ukauya kuno uku.” “Zvakanaka, ropafadzai Mwari, handichisiri muMethodisti zvachose, ndichava muPentekosti, ndichava muPresbyteriani, ndichava *ichi, icho*, kana bedzi pachingori nemari yakawanda.”) Vakati, “Hamuna kumboenda kundoona rutsanga rwunozunguzwa nemhengo.” Vakati, “Makaenda kunooneiko uko, muporofita?” Vakati, “Hongu, uye muporofita nokupfuurira.”

<sup>209</sup> Johane akanga achangopa ruremekedzo kuna Jesu rweyasi-pasi. Ndokuziva kuti zvaifanira kuuya nenzira iyoyo; akaMuvhunza apedza kuMuzivisa uye aona Chiratidzo chiya pamusoro paKe, akati, “Uyu *ndiye* Mhesiya,” zvino pidigu ava kubvunza, “Ndimi iYe here, kana kuti totarisira mumwe?”

<sup>210</sup> Asi, tarirai, Jesu achizviziva izvozvo, Akatendeuka akamupa ruremekedzo, ndokuti, “Makaenda kunooneiko, rutsanga rwunozunguzwa nemhengo here?” Akati, “Hakuna kumbova nemunhu akazvarwa nemukadzi ari mukuru saJohane, kusvikira zuva rino.” Ndizvozvo chaizvo! Uku kutaura zvakanaka pamusoro pemunhu kwakadini!

<sup>211</sup> Asi, munoono, hechoka icho, chiporofita chakanga chazadzikiswa pamberi pavo chaipo, neuyo anofanotungamira kuuya achiuya, sechaizvo zvakataurwa naMaraki. Zvino, uyu ndiMaraki 3, kwete Maraki 4.

<sup>212</sup> Johane Mubhabhatidzi aiva Maraki 3, Jesu akadaro. Paya pavakaMuvhunza, vachiti, “Sei vanyori vachiti . . .”

Akati, “Akatouya kare. Vakaita zvavakataura.”

<sup>213</sup> Asi, rangarirai, Maraki 4, muporofita waMaraki 4 achingopedza, kuuya kwechina kwaJohane Mubhabhatidzi mukati, kana kuti, iye . . . kwaEria, kuuya kwechishanu ndekwezvapupu zviviri, zvemuna Zvakazarurwa, paanovinga maJudha akasara. Asi Mwari vakashandisa Mweya mumwe chete uyu kashanu: nyasha, J-e-s-u [MuChirungu: J-e-s-u-s—Mukurikiri], anga angori Jesu nguva dzose; k-u-t-e-n-d-a [f-a-i-t-h], n-y-a-s-h-a [g-r-a-c-e], nezvimwe zvakadaro. Maona? Nhamba yeshanu inhamba yenyasha uye iYe akaishandisa. Haangoshandisi katatu, haangoshandisi kaviri, katatu, kana. Kashanu kaAnoUshandisa.

<sup>214</sup> Zvino, cherechedzai nokukurumidza zvino, tichipedzisa. Iye akati, “Uyu ndiye uya akataurwa, ‘Ndinotuma nhume yaNgu pamberi pechiso chaNgu.’”

<sup>215</sup> Asi muna Maraki 4, mushure memuporofita *uya* achingopedza kuporofita, nyika yose inofanira kupiswa zvachose, uye vakarurama vachifamba napamadota avakaipa. Maona? Ndizvozvo chaizvo! Munoono, ndicho chiporofita chaMaraki 4.



216 Uye cherechedzai muna Ruka 17, apo iYe akati, “Mumazuva okupedzisira, zvinosvika pakuva seSodhoma neGomora zvakare.” Tinayo here? Tava neSodhoma neGomora zvakare here? Ndudzi dzose, zvitarirei. Onai zvaangobva kutaura nezveEngland, zvinhu zvose zvatsveyamiswa. Kunyangwe nezvokudya zvatsveyamiswa. Uye tarirai pano izvo sainzi... Munozviona mu*Reader’s Digest*, ndinotenda kuti nderemwedzi wapfuura, vakati, “Majaya nemhandara vaduku vanopinda muzera repakati napakati kubvira pamakore makumi maviri kusvika makumi maviri nemashanu okuberekwa.” Ndinosingana navo mumusangano, vasikana vaduku vanosvika pakuguma kukwanisa kubereka, uye makore makumi maviri, makumi maviri namaviri okuzvarwa, vaguma kugona kubereka. Zvinokonzerwa nei? Kutsveyamiswa, masanganiswa. Ndizvo chaizvo zvaworesa, zvinhu zvose zvinoworesa mutumbi. Hatisi chimwe chinhu kunze kwemakanyiwa e—e... sechirimwa chemasanganiswa.

217 Tora chirimwa chemasanganiswa wochiisa kunze uko, hutachiona hwese hunomhanyidzana kuenda kwachiri. Asi chirimwa chaicho, chapamavambo, hutachiona hunotobva pachiri, haukwanisi kumirapo pachiri. Zvino ndiro dambudziko rine kereke, taiita masanganiswa.

218 Ndiro dambudziko rine bhiza raPerry Green rakare kumusoro uko, zvino rakadonhedza mukomana uya rimwe zuva, harisi chimwe chinhu kunze kwebhiza remasanganiswa remijawo. Maona? Zvaringori bedzi, iro... Rakangofanana nenyurusi, ringori—ringori... nyurusi harizivi baba kana mai varo kuti ndiyani, harizivi kana chinhu; ihafu nyurusi nehafu bhiza, uye ihafu yeichi nembungoro; harizivi zvariri. Haumbokwanisi... Rinogomirira hupenyu hwaro hwese kuti rigokukava. Ndizvozvo chaizvo! Unokwanisa kuridana, woti, “Huya kuno, chikomana. Huya kuno, chikomana.” Rinosimudza nzeve dzaro mudenga, roti, “Ho! Ho! Ho!” Maona?

219 Sevamwe ava vanoti “Mazuva ezvishamiso akapfuura, Ho! Ho! Ho!” masanganiswa aya, vanofanirwa kunge vari nhengo dzekereke uye Makristu. Handisi kuzvita urira dambe, asi iChokwadi. Asi riya rechokwadi, risina kusanganiswa, hama, rinoziva kuti baba varo ndiani, amai varo ndiani, sekuru varo ndiani, mbuya varo ndiyani, unokwanisa kuridzidzisa chimwe chinhu, rakapfava.

220 Zvino Mukristu chaiye akaberekwa neMweya Mutsvene nokuzadzwa nesimba raMwari neShoko, anoziva kuti baba vake ndiani, kuti amai vake ndiani, kuti sekuru vake ndiani, mbuya vake ndiani, anoziva zvose pamusoro paZvo. Unokwanisa kumudzidzisa chimwe chinhu.

221 Asi masanganiswa, ndiwo anouya kumakereke. Masanganiswa pakati penyika nemasangano ezvinamato,

nekuisa tuShoko tushoma mariri *pano*, tuShoko tushoma *apo*, tunongokwanira kungonyengera chete. Ndizvozvo chaizvo. Apo munoono Shoko raMwari chairo richiratidzwa sezvakaitwa naKayafasi nevamwe, vanoenda vachibva kwaRiri, havazivi. Masanganiswa!

<sup>222</sup> Zvino tinoona kuti, uye mumharidzo iyi, Isaya 40:3 yaisimbisawo zvakare Johane. Akati, “Inzwi reuyo, muporofita, anodanidzira ari murenje, ‘Gadzirirai nzira yaJehovha, ruramisai nzira yaKe.’” Kereke haina kumutenda, nokuti akanga asiri weboka ravo. Muporofita uyu akasimudzwa kubva murenje, ndokuuya asina munhu waanoziva. Aiva neMweya chaiwo waiva naEria: akanga ari munhu wemurenje, aivenga vakadzi vasina hunhu.

<sup>223</sup> Rangarirai kuti Eria . . . Chii chakakonzero kuti adimburwe musoro? Aiva Jezebheri. Jezebheri ndiye akakonzero rufu rwake. Zvakamuita kuti atizire murenje.

<sup>224</sup> Johane Mubhabhatidzi, mumwe mudi werenje, muvhimi, munhu wemasango. Mucherechedzei. Akanga asina dzidzo. Tarisai nyaya yake—yake, yakanga isina kuita semudzidzi wehufundisi. Akati, “O imi chizvarwa chenyoka!” Chinhu chakasvibisisa chaungawana murenje, chinhu chinoverevedza zvikuru, yaiva—yaiva nyoka. Zvino akadana vaprisita ivavo, “Imi chizvarwa chenyoka! Ndiyani akuyambirai kutiza kutsamwa kuri kuuya? Musatanga kutaura muchiti, ‘Tiri nhengo yeiyi, uye tine *ichi* kana *icho*,’ nokuti ndinoti kwamuri, Mwari vanokwanisa nematombo aya,” renje. Zvekare, “Demo” (raaishandisa) “ratoiswa pamudzi womuti; nemuti wose usingabereki zvibereko zvakanaka, unotemwa wokandwira mumoto.” Amen.

<sup>225</sup> Akanga ari muparidzi wezvinhu zvakasikwa. Munhu mukuru waMwari, akararama nguva pfupi, asi zvirokwazvo akatungidza moto panyika yose. Akazunguza chizvarwa ichocho mumwedzi mitanhatu yeshumiro yake. Mwari vakamurera kwemakore makumi matatu, kuti vawane mwedzi mitanhatu iyoyo kubva kwaari. Asi Mwari vanoita nenzira yaVo pachaVo, Vanoziva kuti goho raVo rakadini.

<sup>226</sup> Uye tinoona zvino kuti izvi ndizvo chaizvo zvakanga zvaitika. Havana kumutenda, nokuti akanga asiri wavo. Havana kudaro. Vakaita sezvamazuva ose, havana kuZviona. Havana kutenda Shoko raMwari raMaraki 3, kana kuti vangadai vakaona zviru pachena, netsamba, kuti uyu ndiye uya anofanoenda mberi. Vakanga vasina kumbova nemuporofita kwemakore mazana mana, zvino heunoi pano mumwe anoonekwa panzvimbo ipapo pakarepo. Maona? Zvino vanhu, vatendi, vakamutenda kuti aiva izvozvo. Munoono, havana kuZvitenda. Havana kutenda, nokuti pavakaona tsamba ichisimbiswa zvakakwana, izvo zvaAkati iYe anozoita, nezvose,

ndokuZviona zvichisimbiswa zvakajeka apo Shoko parakauya mumvura kumuporofita. Vakanga vakamira ipapo.

<sup>227</sup> Pane vazhinji vanokakavara paGwaro rinotaura zvaJohane. Munoono, Johane akati, “Ndinoda kuti ndibhabhatidzwe neMi, zvino iMi munouireiko kwandiri?”

<sup>228</sup> Jesu akati, “Regedza zviitike saizvozvo, nokuti...asi saizvozvo zvakafanira isusu, (zvakakodzera) kuti tizadzise. Zvakanaka, Johane, iwe zvauro muporofita, unoziva kuti chibayiro chinofanira kugezeswa chisati chapirwa. Zvino iNi ndini Chibayiro ichocho, uye iwe uri muporofita uye unozviziva.” Ndokubva aMubvumira ndokuMubhabhatidza. Maona? Uye aiziva kuti ndizvo zvazviri.

<sup>229</sup> Tarirai, vakamuseka, vakamudana kuti “mupengo wemusango, anozhamba, asina kudzida,” senguva dzose, muporofita uya aifanotungamira kuuya kwekutanga kwaJesu.

<sup>230</sup> Handisi kutaura kuti ivo vari...havana zvokutevedzera zvimwe chete nhasi kwe—kweizvo zvechokwadi. Vanodaro, ivo zvirokwasvo. Asi, rangarirai, apo paunoono dhora renhema panofanira kunge pane dhora rechokwadi rakatevedzera parakagadzirwa. Paunoono mumwe achitevedzera kuva Mukristu, panofanira kunge pane Mukristu wechokwadi pane imwe nzvimbo; nokuti, kana zvisina kudaro, *iyeye* ndiye ari wokutanga wacho. Unofanira kusvika pane chepakutanga. Asi tarisisa chacho chepakutanga, uye woona kana chepakutanga ichocho kana chichiwirirana nevimbiso. Kana zvakadaro, zvino Chitende: vimbiso yezera iroro.

<sup>231</sup> Zvino chiporofita chaJohane chakasimbiswa muhurongwa hwaMwari. Shoko rakauya kumuporofita ndokumusimbisa zvechokwadi kuti ndiye munhu wacho.

<sup>232</sup> Zvekare Jesu akauya mune...zvaksiyana nenzwisiso yavo yechiporofita ichocho. Vakanga vasingaChinzwisisi nenzira iyoyo. (Zvino, tava kuenda kumagumo zvino.) Asi maererano neShoko remuporofita, Rakazadzikiswa nemo-nemo. Chiporofita chakazadzikiswa; asi nzira yavaifunga kuti Chinoitika, Chakanga chisina kudaro. Zvino, ko vangadai vakanzwisisa sei uye vakaziva kuti zvakanaka nezvakashata ndezvipi? Kuti vaone kana zvakanga zvasimbiswa naMwari, kana vakanga vari Mwari vaidudzira zvaVakataura. Pakanga pana vanaJesu venhema vakasimuka, vakatungamira munhu, boka rine-...mazana mana, kunze uko murenje nezvinhu; asi haana kuzvitaridza kuti akwane pachake muShoko, munoono, sezvaAkataura.

<sup>233</sup> Jesu, iYe paakauya, Akanga achifanira kuva Muporofita. Ndizvozvo chaizvo! Uye nhasi, Jesu asati adzoka zvakare, kuratidzwa kwakazara kweMunhu waJesu Kristu kuchazoratidzwa munyama. Zvifungei! Jesu akati, “Sezvazvakanga zviri mumazuva eSodhoma, ndizvo

zvazvichange zvaita pakuuya kweMwanakomana womunhu, apo Mwanakomana womunhu anenge achizarurwa.” Chii chinonzi *kuzarurwa*? Kubhedhenurwa, kuziviswa. Chakavanzika chazounzwa pachena, kuzarurwa. Muzuva iro Mwanakomana womunhu anozarurwa, nyika inenge iri muchimiro cheSodhoma. Tava nacho, handizvo here? Hongu! Vangani vanozvitenda? Yava muchimiro cheSodhoma. Uye ndizvozvo chaizvo! Tarirai pairi, iko zvino.

<sup>234</sup> Rangarirai, pagara pane mapoka matatu avanhu muungano yoga-yoga yaunounganidza, anoti, vatendi vekabanga, vasingatendi, nevatendi. Tinavo muboka roga-roga. Vaingova navo nguva dzose. Paiva nevaSodhoma, paiva—paiva navana Roti, uye paiva naAbrahama.

<sup>235</sup> Abrahama aiva boka rakadanirwa kunze, akanga asiri muSodhoma kutobva pamavambo. Zvino tarisai Mharidzo yavo! Vakanga vakatarisira mwanakomana wevimbiso, vakamutarisira kwamakore. Mwari Akanga aratidza Abrahama zviratidzo nezvishamiso zvikuru zvizhinji, asi pano Mwari vakadzika pasi Vomene semunhu!

<sup>236</sup> Munoti, “Akanga ari Mutumwa.”

<sup>237</sup> Abrahama akaMudana kuti, “Ishe,” vara guru I-s-h-e. Chero muverengi wose weBhaibheri anoziva kuti vara guru I-s-h-e ndiErohimu. “Pakutanga Mwari,” Ishe Mwari, Erohimu, uyo Akazvikwanira. Abrahama akaMudana kuti, “Ishe Mwari, Erohimu.”

<sup>238</sup> Zvino cherechedzai, pakanga pane vanhu vaviri vakaburukira Sodhoma vaine mharidzo, zvino vakaparidza kuvanhu vekuSodhoma. Havana chavakaita, kunze kwekuvapofomadza; izvo, kuparidza Evhangeri kunopofomadza munhu asingatendi.

<sup>239</sup> Asi tarisai mhando yechiratidzo chakagamuchirwa neboka raAbrahama!

<sup>240</sup> Zvino, tinofanirwa kunge tiri Mbeu yehumambo yaAbrahama, Isaka aiva mbeu yepanyama. Asi Mbeu yekutenda, kutenda muShoko rakavimbiswa, Shoko *rakavimbiswa* (musaZvipotsa) yaiva Mbeu iya yehumambo; ndiyo yakanga iri Mbeu, kutenda kwaAbrahama. “Isu takafa muna Kristu, tiri Mbeu yaAbrahama, vadyi venhaka pamwe chete naye maererano nevimbiso.”

<sup>241</sup> Cherechedzai apo zvose zvaitika izvi, zasi muSodhoma ikoko kwakanga kune vashumiri vaviri ikoko vachiparidza nemharidzo huru.

<sup>242</sup> Pakanga pane Mumwe akagara kumusoro kuno neboka raAbrahama akanga asinei nechokuita neboka raiva kuzasi uko. Zvino tarisai Uyo akasara neboka raAbrahama, mhando yechiratidzo chaAkavapa. Akati . . . Zvino, rangarirai, zita rake

rainzi Abrama mazuva mashoma izvi zvisati zvaitika; uye ainzi S-a-r-a, kwete S-a-r-a-i (mukunda wamambo). Zvino Murume uyu, Akafuratira tende. . .

<sup>243</sup> Vakadzi ipapo vakanga vakasiyana nezvavari zvino. Vanofanira kubuda kunze nokuita mabhizimu emurume wavo nezvimwe zvose, munoziva. Asi vakanga vasingazviiti kareko; vaigara seri kumashure.

<sup>244</sup> Saka ivo. . . saka Vatumwa ava vakagara ipapo. Mutumwa, zvino Akati, “Abrahama, ko aripiko mudzimai wako (S-a-r-a) Sara?” Ko Akariziva sei? Ko Akariziva sei?

<sup>245</sup> Abrahama akati, “Ari mutende shure kweNyu.”

<sup>246</sup> Iye akati, “Ndichakushanyirai maererano nenguva iyo yaNdakakuvimbisai. Ndichakushanyirai.” Zvino Sara akasekera mumoyo make.

<sup>247</sup> NaiYe akafuratira hake tende, zvino Akati, “Sei Sara aseka, achiti, ‘Ko zvinhu izvi zvinokwanisika sei?’” Kana dai akanga asiri muna Abrahama, mwenga wake panguva iyoyu, Mwari vangadai vakamuuraya. Saka nesuwo nhasi nokusatenda kwedu kwese, dai tainge tisiri muna Kristu. Ndizvo zvakatichengetedza tiri ipapo, munoono. Vakanga vasingakwanisi kukuvadza kana kuuraya Sara vasingakuvadzi Abrahama. Maona?

<sup>248</sup> Zvino saka rangarirai, Jesu akati, “Sezvazvakanga zviri mumazuva eSodhoma, ndizvo zvazvichange zviri pakuuya kweMwanakomana womunhu.” Tinoona kuti munhu wose anowirirana kuti nyika yava muchimiro cheSodhoma. Ndakanhonga bepa remuLos Angeles pano nguva pfupi yapfuura, zvino rakati, ndinofunga kuti, “Hungochani huri kuwedzera nezvikamu makumi maviri kana makumi matatu kubva muzana muLos Angeles, gore roga-roga dzichiwedzera kuwanda zvakadaro.” Izvi. . . O, zvakashata kwazvo! Muhurumende yedu nekumwe kwose, zvinhu zvose zvangova zvakatsveyama. Ndizvozvo chaizvo! Chinhu chacho chose, hurongwa hwacho hwose, kereke nezvimwe zvose izvi zvakatsveyama. Zviri muzera rakatsveyama.

<sup>249</sup> Zvino ndinoda kukubvunzai imi vadzidzi vezvekushumaira chimwe chinhu, kwamuri hama dzangu. Kwete kuti ndiri kutaura ndichipesana nemi, hama yangu inodikanwa; ndiripo kukubatsira, hama. Ndiri pano kumira pane zvakaturwa neShoko raMwari kuti ndizvo zvakafanira, kubata ruoko rwako nokubuditsa mhomho iyi yevanhu kubva muzvinhu izvi. Ndizvozvo!

<sup>250</sup> Asi tarirai pano, hatina kumbova nenhume muSodhoma kumashure ine zita rinopera na h-a-m kusvika zvino. Takava naSpurgeon, Wesley, Luther, nezvimwe zvose, asi kwete wepasi rose aiva mutumwa ane zita raipera na h-a-m, kumashure. Ndizvozvo chaizvo! Munoono, G-r-a-h-a-m, mavara matanhatu, G-r-a-h-a-m, Billy Graham; muvhangeri anozivikanwa kwazvo,

basa guru raMwari, murume wacho akatumwa kubva kuna Mwari. Akanyatsobata nyaya yekururamiswa zvakakwana, uye anozunguza nyika nayo, munoona, saizvozvo. Hakuna . . .

<sup>251</sup> Tarisai Oral Roberts kumasangano echiPentekosti. Nderiinh pawkambova nemumwe akadaro?

<sup>252</sup> Mavara matanhatu, kwete manomwe. Abrahamama ndi A-b-r-a-h-a-m-a [MuChirungu: A-b-r-a-h-a-m—Muturikiri.], manomwe. Billy Graham ndi G-r-a-h-a-m, matanhatu.

<sup>253</sup> Zvino tarisai vatumwa. Tarisai panguva yatakagara mairi, hapana kumbova nenguva yakadaro munhorondo. Tarisai pazviratidzo zvimwezvo zvaAkavimbisa kuti zvaizopiwa kuboka roga-roga. Tarisai pavari. Zvakafanana, chaizvoizvo, panzvimbo chaiyo, zvakaiswa muhurongwa. Zvisikwa, nyika, zvinhu zvose, zvakagara chaizvo panguva chaiyo.

<sup>254</sup> Zvino musaZvipotsa, apo tichingoratidza zvimwe zvose zveGwaro iri! Tichikurumidza zvino, nokuti ndiri kukuchengetai kwenguva yakareba. Shevedza . . . Tarisai pano. Uye maererano nemuporofita, akauya zvakangananga kuShoko chaiko, chaizvo nenguva yacho.

<sup>255</sup> Zvino tarisai zera iko zvino ratiri kurarama tiri. Hatisi kurarama here munguva yeSodhoma chaiyo? Cherechedzai mutumwa akaenda kuboka raAbrahamama. Cherechedzi nhamba, mavara acho, nenhamba yezita rake. Unoti, “Hapana chiripo muzita.” Usamboregedza mumwe munhu achikuudza izvozvo. Sei iYe akashandura zita Abrama, kuve Abrahamama, Sarai kuve Sara? Sei iYe akashandura Simoni kuve Petro, navamwe vose ava? Maona? Chokwadi pane chiripo. Ndizvozvo chaizvo!

<sup>256</sup> Ndicho chikonzero ndichitaura kuti regai, musambotumidza mwana wenyu kuti “Ricky,” kana “Elvis,” kanawo zvimwe. *Elvis* zvinoreva “kiti,” *Ricky* i “gonzo.” Munoona, kana moti . . . Ndizvozvo chaizvo. “Les,” kana zvimwewo, usatombofa wakatumidza mumwe wemwana wako . . . vana kudaro. Kana rakadaro, rishandurei nokukurumidza, vanhuwee. Musadaro . . . Imi mune . . . Kana muchinditenda kuva muranda waMwari, musanamira zita iri kumwana anonzwisa urombo. Maona? Kwete, changamire, mupei rimwe zita risiri iroro. Zvangu ini! Handifaniri kumbotsaukira mune izvozvo, nokuti ndabuda muchidzidzo changu, asi ndatovaitaura uye zvatopera. Ini . . . Ndiwo maitiro aunoita, hauzivi paunozvaitaura. Maona?

<sup>257</sup> NdokuMudana kuti, “Mutorwa, muuki, dhimoni, Bherizebhahhu,” uye vakati, “Akazviita Mwari pachaKe.” O, ini zvangu!

<sup>258</sup> Ko Isaya muporofita haana here kuti, “Iye achanzi Mwari Wamasimba”? Isaya 9:6, “Takazvarirwa Mwana, takapiwa Mwanakomana, uye umambo huchava pamafudzi aKe, uye Zita raKe richanzi Gota, Muchinda woRugare, naMwari Wamasimba, Baba vokusingaperi.” Ndizvozvo chaizvo! Zvekare, Mutsvene

Johane 1:1, “Pakutanga kwakanga kune Shoko, uye Shoko rakanga riri kuna Mwari, uye Shoko rakanga riri Mwari. Zvino Shoko rakaitwa nyama rikagara pakati pedu.” Munozvitenda izvi here? Akanga asingori bedzi. . . Akanga ari Muporofita, asi Akanga akapfuura muporofita; Akanga ari Mwari-Muporofita. Ko Akambouirei?

<sup>259</sup> Rangarirai, iYe anouya mumazita matatu ohumwanakomana. Akatanga kuuya muzita reMwanakomana womunhu. Iye haana kumbozvideedza pachaKe kuti “Mwanakomana waMwari.” Munozviziva izvozvo. Munoono, iYe akauya seMwanakomana womunhu, Muporofita. Jehovha pachaVo, Baba, vakadana Jeremiya kuti, “mwanakomana womunhu”; muporofita ndiye mwanakomana womunhu. Vanouya. . .

<sup>260</sup> Zvino Akauya shure kweZuva rePentekosti, Akadzoka muchimiro cheMweya Mutsvene, Mweya waMwari. Iye zvino iYe ndiMwanakomana waMwari.

<sup>261</sup> MuMireniyamu Anenge ari Mwanakomana waDhavhidhi, akagara pachigaro choushe chaDhavhidhi. Munoono, Anouya. . . Iye ndiMwanakomana waMwari, Mwanakomana womunhu, Mwanakomana waDhavhidhi.

<sup>262</sup> O, Bhaibheri rakazara nemabwe akakosha aya. Hatikwanisi kuzvitora zvose muusiku humwe chete. Asi zvakangofanira kuti tizviise izvi iko zvino. Mangwana kunokwanisa kusayedza. Tinokwanisa kunge taenda mangwana asati asvika. Ndinokwanisa kunge ndiri kuparidzira munhu anenge afa mangwanani asati asvika. Ndinokwanisa kutungamira mangwanani asati asvika. Hama, hanzvadzi, hadzisi ngano, ndizvo zvazviri chaizvo! Hatizivi nguva yatinoenda, uye hauzovi nemumwe mukana kana mweya uya waunofema kekupedzisira wabuda mumutumbi wako. Zvigadzirise izvozvi, usamirira kusvika mangwanani, panokwanisa kunge pasisina imwe nguva.

<sup>263</sup> Cherechedzai zvino, vakaita kwaAri chaizvo izvo zvavakanzi navaporofita vanozoita, sezvavari kungoita kune zuva rino rimwe chete muZera reRaodhikia. Kana uchida kuzvitarisa, verenga Zvakazarurwa 3, “Mapofu, havana kusimira, uye havavizivi. Vachidzinga Kristu. . .” Apo Anotanga kuzvizarura pachaKe muchimiro chembeu zvakare, imwe chete yakapinda muvhu ndiyo yakadzoka kuzove Mwenga; Mwenga neChikomba bedzi, vanongori nyama neropa zvimwe chete, shumiro imwe chete, nezvinhu zvimwe chete, achiita chaizvo izvo zvaAkaita; Mweya.

<sup>264</sup> Zvino pano vava kutevedzera nokuita zvimwe zvose izvi, uye mumwe nomumwe ane bhuku rake uye achimhanya, neizvi. O, hamuna kumbonzwa manyawi akada! Uye. . . [Hama Branham vanofemera mukati nemumhino yavo—Mupepeti.]

“Ndinofemhedza dhimoni izvozvi.” Zvose *izvi*, *izvo*, hazvisi mugwaro sezvazvingori!

<sup>265</sup> Uye chinhu chechokwadi chiri ipapo chaipo pamberi pavo, vanochisiya, “Havasi nhengo yesangano rangu.” Ini zvangu, ini zvangu, ringori, munoona, ringori bofu richtitungamira bofu. Havangawiri vose mugoronga here? Vakapofomadzwa netsika dzavanhu dzemasangano, iYe vakamudzingira panze pekereke yavo samataurirwe azvakaitwa naMwari kuti vachazoita, muna Zvakazarurwa 3; senguva dzose, samaporofitirwe azvo.

<sup>266</sup> Cherechedzai kuti Jesu vak- . . . Akazvizivisa kuvadzidzi ava, zvino, tobva tavhara. Vadzidzi vaviri ava, Kayafasi. . . Kreopasi, waro, neshamwari yake. Zvino tiri murumuko, mangwanani shure kwerumuko, rumuko rwekutanga; mangwanani anga akanaka zvakadini, Jesu wamuka kubva kuvafi uye wava kurarama pakati pavanhu vaKe. Ipfungwa yakanaka zvakadini!

<sup>267</sup> Iye ari pano zvimwe chete nhasi sezvaAkanga ari zuva riya, nokuti Ndiye mumwe chete zero, nhasi, noku- . . . Uye Achizvizarura zvakanyanya nhasi kupfuura zvaAkamboita mune rimwe haro zera kubva pazuva iroro; ndokupfuura nemugorosi nemugunde nemuchikwande (zvkapfuura zvose zvino), tapinda mugorosi zvakare. Munoona, tadzokera mutsanga zvakare.

<sup>268</sup> Zvinozivikanwa sekunge . . . ziva . . . Cherechedzai kuti iYe akazvizivisa pachaKe sei kuvanhu ava, zvino, rangarirai, saMhesiya wavo (tisati tavhara) weShoko rakavimbiswa rezera iroro. Cherechedzai! Akaonekwa kune, kwaiva . . . sezvaAkanga ataura kuti Anozoita, kuvaporofita. Cherechedzai, “Mapenzi, mune moyo inononoka kutenda zvose zvakanyorwa navaporofita pamusoro paKe kuti zvaizozadzikisiswa.”

<sup>269</sup> Mucherechedzei iYe! Iye anonongedzera kuShoko raMwari, haAna kumbobuda pachena achivataurira kuti, “HamuNdizivi here? Ndini Mhesiya amuka.” Iye haana kumbotaura izvozvo. Munoona, Akangovapa Gwaro; sezvakaitwa naJohane, nevamwe vavo vose. Maona? Akango . . . Vaifanirwa kuzvibata ivo pachavo. Vaifanira kuzviongorora pachavo. Zvino, musakotsira, ongorora pachako.

<sup>270</sup> “Mapenzi, vane moyo inononoka kutenda zvose zvakataurwa navaporofita kuti zvinozoitika.” Kutsiurwa kwakadini kune avo vaitaura kuti vanoMuziva. Maona?

<sup>271</sup> Cherechedzai kuti iYe akatanga nyaya yacho sei. Iye haana kumbobuda pachena, sezvandareva maminiti mashoma apfuura, achiti, “Saka, hamuzivi here kuti ndiNi Mhesiya wenyu wezera rino? Hamuzivi here kuti ndiNi iYe?” Muranda waMwari wechokwadi haazvizivisi nenzira iyoyi; Gwaro ndiro rinozivisa kuti iye ndiyani. Chokwadi, anodaro. Asi akavanongedzera kune zvakanga zvataurwa navaporofita kuti vatarise muzera raMhesiya. Munozviona here? Nyatsodzokerai: “Mapenzi, uye



vane moyo inononoka, kutenda zvole zvakataurwa navaporofita pamusoro paMhesiya kuti zvinozoitika.”

<sup>272</sup> Iye, saJohane, akaregedza Shoko remuBhaibheri kuti riMuzivise, zvaAkanga ari kwavari. Zvinofanira kunge zvakajekeswa zvakakwana. Kana Shoko rakanga raMuzivisa, zvaifanira kujeka kuti Ndiyani aiva vimbiso yavakanga vakatarisa. Vaiziva kuti aiva ane. . .mumwe munhu anofanira kusvika panzvimbo pacho panguva iyoyo.

<sup>273</sup> Handiti, iYe akati, “Zvino regedzai Ndikuratidzei zvinotaurwa neShoko kuti zvinofanira kuitika muzuva rino.”

<sup>274</sup> Ini handisi here, manheru ano, kuyedza kukuudzai, Shoko pamusoro peShoko (kuyangwe kusvikira pamamiro, nzvimbo yacho, mazita acho, manhamba acho, nezvimwe zvole, nezviratidzo zvole, nguva, nezvinhu zvole), kuti tava pano chaipo panguva yokupezdisira? Chokwadi munokwanisa kuona zvandiri kutaura nezvazvo. Maona? Tarisai! Zvakajeka kwazvo hazvitombodi kumwe kuzivisa. Akati, iYe paaiva panyika pano, “Nzverai Magwaro, maAri munofunga kuti mune Hupenyu Husingaperi, Ndiwo acho. . .Anopupura izvo zvaNdiri,” munoona, “kuti Ndiri Ani.”

<sup>275</sup> Cherechedzai, Akatanga naMosesi muporofita, muporofita, Dheuteronomio 18:15. Ndakatarisa Magwaro pano. Dheuteronomio 18:15, Mosesi akati, “Jehovha Mwari wenyu. . .”

<sup>276</sup> Munoona, Mwari vakataura kwaari pamusoro pegomo. Uye, o, ini zvangu, kutinhira; vakati, “Regai—regai Jehovha. . .Regai Mosesi ataure, kwete Mwari, tingaparara.”

<sup>277</sup> Vakati, “Vareva zvakanaka. Ndicha. . .Handichatauri kwavari zvakare sezvizvi, asi Ndichavamutsira muporofita.” Zvino ndiyo yanga iri mharidzo yaVo nzira yose. Ndizvo zvinofanira kugadzirisa zvinhu zvole pakupedzisira. Zvinofanira kudaro, nokuti Shoko raJehovha rinofanira kuuya kumuporofita. Ndiye chinhu choga kwaRinokwanisa kuuya. Kana rikasadaro, zvinoputsa Shoko raMwari zvoita kuti iYe ataure chimwe chinhu chisicho. Maona? Harimbobviri rakaenda kuseminari. Rinoenda kumuporofita. Uye muporofita anotumwa kubva kuna Mwari, akagadzwa. Zvino munozviziva sei kuti ndizvo, uye kwete zvakataurwa nemunhu, . . .

<sup>278</sup> Takava navana Eria, nemabhachi, nezvinhu zvole, nezvoto, nemhando dzose dzehupenzi, zvino ndokupinda mune zvemasangano nezvimwe zvole.

<sup>279</sup> Asi pachauya panyika ino, maererano nevimbiso yaMwari, muranda waMwari wechokwadi, anoziviswa naMwari (neShoko raKe kuve mhinduro yezuva ranhasi), achaisa Mwenga muhurongwa (chipoka chidukuduku chekereke) nokuitora kuenda kumusoro. Ndizvozvo chaizvo! Anozivisa, “Tarisai, heunoi uYo wandaitaura nezvake, munoona, kuti achauya.”

<sup>280</sup> Uye zvose zvakataurwa navaporofita pamusoro paKe, uye nezvezera rino, haiwa chokwadi zvinofanira kunge zvainakidza kuMunzwa achichitaura izvozvo. Hawaingada here kunge wakaMunzwa achizviture? “Zvose izvo vaporofita vakataura pamusoro...” Rangarirai, Akataura izvo vaporofita vaitaura pamusoro pezvaKe, achinokora kubva pane zvaKe iYe pachaKe, izvo zvaAkanga ataura (zvino Akanga ari Shoko); achinokora.

<sup>281</sup> Zvino ngatiteererei kuMashoko aAkanokora. Ungada kunzwa zvaAkavataurira here? Ngatitorei nhaurirano yavo zvino, tisati tamira.

<sup>282</sup> Zvino, vakanga vaziviswa zvose zvakapedzisira kuitika zvokuroverwa, zvenyaya yepaguva nebwirowo, namadzimai akanga aMuona, nomumwewo akanga ataura kuti akanga aMuona, nezvakangodaro. Akati...Va—vakaMuzivisa nezvazvo. Zvino iYe akaenderera mberi neShoko pamusoro... achitaura nezvaKe kubva muShoko:

“Zvino tarisai muna Zekaria 12.” (Iye anofanira kunge akataura Zekaria 11:12.) “Nokuti Akatengeswa nemasirivheri makumi matatu. Ko Mhesiya akanga asingafanirwi kutengeswa nemasirivheri makumi matatu here?”

“Muna Mapisarema 41:9, Akatengeswa neshamwari dzaKe. Maona?”

“Zekaria 13:7, akasiiwa navadzidzi vaKe.

“Muna Mapisarema 35:11, akapomerwa nezvapupu zvenhema.

“Maererano naIsaya 35:7, ndokunyarara pamberi pavapomeri vaKe, akasambovhura muromo waKe.” (Zvakanaka, changamire.)

“Isaya 50:6, Akarohwa.

“Mapisarema 22—22, Akadanidzira ari pamuchinjikwa, ‘Mwari waNgu, Ko MaNdisiireiko?’ ‘Mabhonzwo aNgu ose akaNdidzvokora.’ ‘Vakabvowora maoko aNgu netsoka dzaNgu.’” (Tarirai zvaporofita zvaAigona kutaura nezvazvo!)

“Isaya 9:6, ‘Takazvarirwa Mwana,’ ‘Mhandara ichabata pamuviri,’ nezvakadaro.

“Uye zvakare muna Mapisarema 22:18, va—va—vakagovana nguwo dzaKe pakati pavo.

“Muna Isaya 7:14, ‘Mhandara ichabata pamuviri.’

“Mapisarema 22:7 na 8, vakaMugadzirira... akanyombwa nevavengi vaKe, vaKe... vanofanira kunge vari ivo shamwari dzaKe; vavengi vaKe, iyo kereke.

“Muna Mapisarema 22 zvakare, iYe akanga... hapana bhonzwo raifanira kutyorwa, asi vakabvowora maoko aKe netsoka dzaKe.

“Isaya 53:12, akafa pamwe nevadariki.

“Muna Isaya 53:9, akaiswa mavanga, ndokuvigwa nehama yakapfuma.

“Muna Mapisarema 16:10, Akamutswa kubva kuvakafa. Dhavhidhi akadaro, ‘Ini handingasiyi Uyo Mutsvene Wangu achiona kuwora, kana kusiya mweya waKe uri muSheori.’ Akamutswa kubva kuvakafa.

“Maraki 3, Johane Mubhabhatidzi akanga ari mutungamiri wokuuya kwaKe.”

<sup>283</sup> Nemifananidzo yose yokuti iYe aigona kunge akaenda kwairi! Kunyangwe kuna Isaka ari mufananidzo waKe paGomo...pamusoro pegomo apo baba vake Abrahamama vakenda naye, muna Genesi 22.

<sup>284</sup> Pakanga pasvika zvino pokuti vaone kuti ndiYani akazadzikisa Magwaro aya akavimbiswa ezuva iroro. Pakanga pava apo, mushure nguva yapera, vakatanga kuzoviona. “O! Zvakanaka, chimbomirai kwechinguva! Munombozivei?” Vakaziva zvino kuti Shamwari yavo yakarovererwa, Jesu, ndiye aive Muporofita uya akavimbiswa. Vakaziva nokuti... Munoono, vakanga vasina kumboziviswa Magwaro.

<sup>285</sup> “Asi, pano, zvinhu zvose izvi zvinofanira kuitika pamuchinjikwa, zvinhu zvose izvi. Vokusafunga, vane moyo unononoka kunzwisisa zvose zvakataurwa navaporofita; kuti Mhesiya anozotambudzika sei, ozopinda mukubwinya kwaKe, uye ozomuka nezuva retatu.”

<sup>286</sup> Vakaramba vachienda mberi, “O, hongu. Ndizvozvo. Ndinoti iYe—iYe...Moyo yedu haina kutsva here matiri?” vakadaro. Ndosaka moyo yavo yakatsva! Zviporofita zvaAipa izvo zvakanga zvazadzikiswa.

<sup>287</sup> Zvino vakatanga kunzwisisa kuti Shamwari yavo, Murume wavaidya naye, kutaura naye, kuyanana naye, kuraura naye, achirara mumasango, kuti izvi zvakazadzikisa Shoko rose renguva yakavimbiswa! Hezvoka yakavapo. Vakanga vafamba mamaira matanhatu, yakangoita senguva shomanani, ndinofunga kudaro, uye vakanzwa mharidzo yakareba maawa matanhatu pamusoro pechiporofita chakasimbiswa (yakareba zvishoma kupfuura yatava nayo manheru ano, munoono). Zvino kwakanga kwava kusviba munguva dzamadekwana, Zviedza zvamadekwana zvakanga zvauya.

<sup>288</sup> Inguva imwe chete zvino, kereke! Zviedza zvamadekwana zvauya! VaHebheru 13:8, “Ndiye mumwe chete zuro, nhasi, nokusingaperi.” O, zviitiko zvichijekeswa nechiporofita, zvimwe chete nanhasi. Chiedza chamadekwana chakavimbiswa nemuporofita waMwari, muna Zekaria 14:7, dai zvakare chazarura meso avatendi vechokwadi kuzviitiko zviri kuitika nhasi, zvinoratidzwa nezviporofita kuti tiri panguva yokupedzisira. Jesu ava kuuya.

289 Ichocho chaicho . . . Chiri . . .

290 Iye akati, “Pachava nezuva risingazonzi usiku kana masikati.” Akati, “Asi munguva dzamadekwana kuchava neChiedza.” Zvino, tinoziva, pamamiriro enyika, zuva rinobuda kumabvazuva rondonyura kumadokero. Zvino, muporofita akati, “Kuchava nenguva refu inenge yakakwidibira, yakaita sokuti . . . haingadanwa kunzi masikati kana usiku; kwakaita sokuti svibirire, zuva rakakwidibira.”

291 Zvino, Mwanakomana wakamuka kupi? Chii . . . Ndiye M-w-a-n-a-k-o-m-a-n-a watiri kutaura nezvake zvino. Ndiye m-w-a-n-a-k-o-m-a-n-a wapanyama anobuda kumabvazuva achindonyurira kumadokero. Mwari mumwe chete iyeye, mumwe chete . . . *Zuva*, waro. Uye M-w-a-n-a-k-o-m-a-n-a waMwari akabudira kumabvazuva kutanga, kuvanhu vekumabvazuva.

292 Uye zvino mushure mokunge Aenda, vakaitei? Makore mazana matatu akatevera, vakatanga sanganano ravo rokutanga, kereke yeRoma Katorike. Vakapinda nemuZera Rerima, ndokubuda kunze. Vakaitei? Chinhu chimwe chete. Rakanga riri zuva re . . . Harina kumbodanwa kunzi masikati kana usiku. Vakanga vane mirawu yakakwana, uye vaitenda kuti Aiva Mwanakomana waMwari, vakafamba muchiedza chavaiva nacho, vakagadzira makereke avo, vakavaka zvipatara nezvikoro nezvakadaro, nemaseminari, vakatumira vana vavo kuchikoro.

293 Asi muporofita akati, “Kuchange kune Chiedza zvakare semunguva dzamadekwana. Mwanakomana achadongorera kunze zvakare, kuchava neChiedza.” Chii? Mwanakomana (M-w-a-n-a-k-o-m-a-n-a) mumwe chete iyeye akaratidzwa munyama munguva yamangwanani, kumashure ikoko, achazarurwa zvakare munguva dzamadekwana.

294 Zvino enzanisai Mutsvene Ruka 17:30, “Uye muzuva iroro, sezvazvakanga zviru mumazuva eSodhoma, mamiriro enyika, munguva iyo Mwanakomana womunhu anenge achizarurwa.”

Kuchava neChiedza dzoda kuva nguva  
dzamadekwana,  
Nzira yemuKubwinya zvirokwazvo  
uchaiwana.

295 O, ini zvangu! Vanhu, tava papi?

Ndudzi dziri kupamuka, Israeri iri kupepuka,  
Zviratidzo zvakafanotaurwa ne vaporofita;  
Mazuva eMarudzi ave kupera, akazara  
nokutyisa; (Itarisei ichienda kunonyura  
mugungwa!)  
Dzokerai, O vakapararira, uko kwenyu.

Zuva rerudzikinuro rave pedyo,  
 Moyo yevanhu yokundika nokutya;  
 Ivai makazadzwa neMweya, ivai nemarambi  
 enyu akagadzirwa uye akajeka,  
 Tarirai kumusoro! rudzikinuro rwenyu rwave  
 pedyo. (Chitodaroi.)

<sup>296</sup> Hama, hanzvadzi, inguva inotyisa. Tarisai zvinhu zvakaporofitwa, tarisai zvinhu zvacho zvichiitika. Tarisai chiporofita chose chichizadzikiswa, zvino tinoona kuti zvose izvi ndezvei. Harisi boka... mutswatswaira wokupengereka. NdiMwari vari kuzadzikisa maShoko aVo nemazvo, chaizvoizvo. Dombo rarohwa, shamwari dzangu, tizirai kwaRiri nokuchimbizika kwose kwamunogona. Chiporofita chiri kusimbisa zuva ratiri kurarama mariri.

<sup>297</sup> Ngatikotamisei misoro yedu. [Imwe hama inotaura nendimi. Imwe hanzvadzi inopa dudziro. Hama iri papuratifomu inoti, “Tingaramba takadzikama here kwechinguva? Mwari vataura kwatiri kuburikidza naHama Branham, uye chizoro chiri pamusoro paHama Branham, uye havasati vapedza. Zvino...” Chibenga patepi—Mupepeti.]

<sup>298</sup> Mwari Vanodikanwa! Muri kucherechedza here zuva ratiri kurarama mariri, shamwari dzangu? Ungatopikisa Mwari here? Ungataura here kuti “Ari kukanganisa,” apo iYe aZviratidza? Ndiye mududziri waKe pachaKe. Munoda kuMushumira here?

Zvino nemisoro yenyu yakakotamiswa, nemoyo yenyu yakakotamiswa, hama, hanzvadzi.

<sup>299</sup> Ino inokwanisa kunge iri iyo nguva yedu yokusangana yokupedzisira. Tingangotadza... Kana ndikadzoka mushure megore rimwe kubva nhasi, kana ndiri mupenyu, pane vazhinji vari pano zvino vanenge vasisipo pano ipapo. Uye ndinofanira kuzosangana newe paChigaro Chokutonga zvino ndigodavirira zvose zvandataura manheru ano.

<sup>300</sup> Pamberi paMwari, uchiri mupfungwa dzako dzakakwana, haungaita here zvakadai kuna Mwari? Kana uchiziva kuti uri... Chingozvitarisa muchionioni chaMwari (Bhaibheri), hazvinei nokuti uri ani, uye uchiti, “Ndinoziva kuti ndiri kure nokuva mwanasikana waMwari, tarisai zvandinoita. Ndiri kure nokuva mwanakomana waMwari, tarisai zvandinoita. Asi, Mwari, handidi kuva pano, ndi—ndinoda kushingairira kusvika kunzvimbo iyoyo.” Ndinoda kuti usumudze ruwoko rwako kuna Mwari, zvisinei nokuti uri ani, chero papi zvapo pauri muchivakwa chino, “Hongu, ndinoda kuva mwanakomana waMwari. Ndinoda kuva mwanasikana waMwari. Ndinoda kuzadzisa zvose izvo Ishe wangu akaraira.” Zvino iwe... Mwari vakuropafadzei. Ndinofungidzira kuti zvikamu makumi mapfumbamwe kubva muzana zveungano.

<sup>301</sup> Zvino tarisa kuno, shamwari yangu. Ko dai wakararama mumazuva apo Johane aiparidza? Ko dai wakararama mazuva apo Jesu aiva pano? Ungadai wakatora divi raani? Kana wairarama mune aJesu...Rangarirai, kana iYe...Dai wakararama mumazuva ekumashure iwayo, zvaingofanana nezvazviri izvozvi. Jesu mumwe chete iyeye ari kuzvzivisa pachaKe neShoko raKe, munoona, uye iRo harifarirwe kwazvo.

<sup>302</sup> Asi regai ndikutaurirei, handisi kuedza kuudza vanhu kuti vabude mukereke kana...Zvangu ini, ndinoda kuti uende kukereke, “Musaregedza kusangana pamwe chete.” Asi zvandiri kuedza kukuudza kuti multe ndezvekuti shingairai kupinda muHumambo hwaMwari. Ita kuti zvinhu izvi, nyika, kereke...

<sup>303</sup> Mapentekosti, imi vanhu muri kuwedzera kuita zvemunyika. Muri kuwedzera kumhanyidzana nyenika. Zvingori nyore, munoramba muchiona terevhizheni nezvinhu zvose izvi, uye nenzira yavari kuita, nezvose *izvi*, zvino chinhu chokutanga munoziva...Maseminari, zvikoro zvava kutanga kurerutsa apa neapo, uye *izvi*, *izvo*, *nezvimwe*, uye chinhu chokutanga munoziva...Zvinofanira kuuya nenzira iyoyo. Kereke yePentekosti, ndiyo yanga iri iyo tsihiro yangu hurusa, hapana chakaipa chandingataura pairi. Asi ndizvo zvandinodanidzira, “Hama dzangu, budaimo!” Shevedzai...Hamuchina misangano iyo yamaimbova nayo kare. Vanhu havachisiriri sezvavakanga vambori. Asi Jesu Kristu mumwe chete, ngatifambei tichipinda maAri.

<sup>304</sup> Zvino, imi mune maoko enyu akasimudzwa mudenga, rangarirai, pakanga pane Dombo rakarohwa murenje, uye Tsime iroro richakazaruka manheru ano. Dombo ravo rakanga rarohwa, Kristu, ndiYe Dombo rakarohwa.

<sup>305</sup> Zvino manheru ano, pari zvino semaziviro andinoita, kereke zvichida...Nguva yokudana inokwanisa kunge yakatopfuura kare, handizivi, handikwanisi kutaura kudaro. Rangarirai, vanhu vakangoenderera mberi vachiita misangano, zvimwe chetezvo, mushure mokurovererwa kwaJesu. Uye ivo...navanhu vose, va—vachauya, ivo...Tarisai! Va—vachaenderera mberi vachiparidza, vachitaura kuti vari “kuponeswa” nezvimwe zvose, sokunge...“Nyika inoenderera mberi sezvayakagara iri,” vanodaro. Asi nguva inenge yapera ipapo.

<sup>306</sup> Pauchine mukana, hama yangu; pauchine mukana, hanzvadzi yangu; uya muHumambo hwaMwari. Haufanirwi kupinda uri pasi pechimwe chinhu zvacho asi nokungotenda kunyoro kwekutenda Shoko raKe. Iye ndiye Shoko racho! “Ishe Jesu, ndinoziva kuti ndakazvitarisa iko zvino muchionioni cheShoko raMwari; o, handina kukwana zvakadii. Asi, Mwari vanodikanwa, pano manheru ano, pamanheru ano eMuvhuro, muno muSan Bernardino, California, muodhitoriyamu ino pano, izvi ndizvo—izvi

ndizvo zvose zvandinazvo, Ishe, asi ndinozvipa kwaMuri. Munganditorawo here sezvandiri, Ishe? Munganditendera here kutizira kumuchinjikwa nokuchimbizika? Ndiri kutoona kunyangwe vatumwa. Ndinoona nguva, ndinoona kudanwa kubva muSodhoma. Ndinoona zviratidzo. Ndinoona boka raAbrahama richigamuchira Chiedza. Ndinoona kuratidzwa, Jesu achiratidzwa zvakare pakati pedu sezvazvakanga zviriri. Ndinoona zvinhu zvose zvaMakavimbisa. Ndinoona vatevedzeri; ndinoona Makataura kuti, ‘Sezvazvakanga zviriri mumazuva aMosesi,’ kuti uyu Jambure naJane vanozodzoka zvakare kuzotevedzera, uye vachiramba vachingori mumarara mamwe chete avaiva maari.”

<sup>307</sup> Munooona, vakanga vasingakwanisi kutevera Mosesi nemuShoko iroro zvino vitora vana ivavo vachivabuditsa kubva imomo vachivaendesa murenje, nokuti vaiyanana neEgipita. Vakanga vasingakwanisi kuzviita, kunyangwe vakaita mabasa mamwe chete aakaita. Asi hupenzi hwavo hwakaratiidzwa. Uye Bhaibheri rinoti, iZVANZI NAJEHOVHA, “Zvichazoitika zvakare mumazuva okupedzisira.”

<sup>308</sup> Uye munozviona nemeso enyu pachenyu, kana muri vomweya. Ndiri. . . Handikwanisi kuZvitsanangura. Hapana chikonzero chokuti ndiZvitsanangure. “Makwai aNgu anonzwa Inzwi raNgu.” Ngatiendei kwaAri zvino, patichine mukana. Mungadaro here?

<sup>309</sup> Kana une chido chokubhabhatidzwa noMweya Mutsvene, kana uchida kuzvikumikidza zvakare, hupenyu hutsva; mufudzi wako haakushori, anokudira izvozvo. Chingozvipira zvizere kuna Mwari manheru ano, tichiri pano. Rega. . . Hongu, ndinoziva zvanga zvakawomarara, zvichicheka, zvisinganzwisisike, handizviitire utsinye, ndinozviitira kuti ndive ndakatendeka. Ndinozviita nokuti ndinokudai, ndinoda Mwari, uye ndinozviita kuedza kukubatsirai. Uye chokwadi, shamwari, ndi—ndi—ndinotenda. . . Uye nomoyo wangu wose, nokutenda kwangu kwose, ndinotenda kuti Mharidzo yangu inobva kuna Mwari. Yanga—Yanga ichizviratidza izvozvo kwamuri, nemumakore ose aya.

<sup>310</sup> Zvino teereri, manheru ano pira zvose zvaunazvo, zvose zvaunoshuvira kuva nazvo. Ndinotenda, nomoyo wechokwadi, wakazvipira, kana ukangomira netsoka dzako, zvino wosimudza maoko ako kuna Mwari, woti, “Mwari vanodikanwa, ndiri pano. Nditorei, Ishe. Handichamboedzi kushandisa pfungwa dzangu pachangu pamwe nedudziro yangu pachangu. Shoko reNyu rinoti ndinofanira kuva ‘mutsvene, ndinofanira kuberekwa patsva, ndinofanira kuzadzwa noMweya, zvino ipapo Mweya uchanditungamira muZvokwadi yose.’ Mwari vanodikanwa, hezvino ndiri pano, nditungamirireiwo.” Ungaitawo izvozvo here? Kana uchiita zvakadaro, simudza ruoko rwako, woti, “Ndinotoda kuita izvozvo, ndinoda kuzviita.”

311 Zvino ngatisimukei tose netsoka dzedu.

Sezvandiri, ndisina chimwe chikumbiro,  
Asi kuti Ropa reNyu rakadeurirwa ini,  
Uye kuti Munondiraira kuti ndiuye kwaMuri,  
O Gwayana raMwari, (Musiwo waMwari  
woga)... uya! Ini...

Zvino bvisa mabasa ako ose, zvinhu zvose, kuneta kwako,  
zvose... Ko dai wanga uri kufa izvozvi?

Sezvandiri, Munogamuchira,  
Munochingamidza, kuregerera, kuchenesa,  
kugamuchira;  
Nokuti ini...

Ungasimudza ruoko rwako here, pandima iyi zvino?

Ndinovimbisa, ndichatenda,  
O Gwayana raMwari, ndouya! Ndouya!

312 Zvino muridzi weogani achienda—achienderera mberi  
nokuridza, regai mumwe nomumwe wedu...

313 Vechidiki vezera revachangoyaruka, munoda here kuita  
seava vari kunze kuno mumugwagwa, boka renhubu iri?

314 Hanzvadzi, unoda kuva nevhudzi pfupi here, iro riri  
kuremekedzwa kwako kwechiNaziri kuna Mwari kuva nevhudzi  
refu? “Zvinonyadzisa kuti adimbure vhudzi rake.” Unoda  
here kupfeka tumbatya tuya tuduku nezvinhu zvanopfeka  
muzuva rino, rokwe iri—iri risina hunhu, muviri wako  
uchionekwa nemariri, kunze uko mumugwagwa? Unozviziva  
here kuti murume wose anokutarisai anoita upombwe newe  
mumoyo make? Zvino iwe unozvishambadza saizvozvo.  
Munoziva here, vakadzi, imi munozvitora pendi kumeso, pane  
mukadzi mumwe chete muBhaibheri akazvipenda kumeso?  
Zvino Mwari vakaita kuti imbwa dzimudye. Jezebheri, zita  
rakavengwa kubva muzuva rake, nokuda kwokuita kwake ikoko.  
Munoziva kuti ndiEria muporofita akazvituka ndokumudana  
nenzira iyoyo? Munoziva here kuti ndiHerodhiasi akavingwa  
naJohane Mubhabhatidzi? Munoziva... Hamudi kuva chinhu chiya  
cheHollywood chemunyika. “Kana uchida nyika kana zvinhu  
zvenyika, rudo rwaMwari harumo mauri.”

315 Hama, shamwari mushumiri, hapana... Ndapota  
ndinzwisisewo, ndiri hama yako. Unoda here kuyanana, uye  
nemi nhengo yekereke yeimwewo kereke (Methodisti, Baptisti,  
kana ipi zvayo yawanga uri mairi), unoda here kubatirira uri  
musangano iroro nokuti amai vako naambuya vako vakabatirira  
pariri? Vane mumwe mavakabuda vachipinda imomo, ndicho  
chaiva Chiedza chezuva iroro; izvozvo, zvakaita semunguva  
dzaNoa. Rino rava rimwe zuva.

316 Unoti, “Saka, ndakava...”



<sup>317</sup> Rino harisi zuva rePentekosti. Zera rePentekosti rakapfuura. Pentekosti yakapfuura, ino inguva yekukohwa. Maona? Uye nguva yokukohwa, tsanga; mvura yakatopedza kunaya, tsanga yava kuibva. Uya upinde mutsanga, hama yangu inodikanwa. Ndinzwi, nditendei, kana muchinditenda kuti ndiri muranda waMwari, regai mumwe nomumwe, nenzira yedu pachedu, tikotamise misoro yedu mukuzvinipisa toita munamoto watino—watinoziva kuti tinofanira kuita, “Mwari, nditorei sezvandiri.”

<sup>318</sup> Zvino hama, hanzvadzi, ndinozviiisa partari manheru ano, zvakare: Mwari, ndiumbei pamwe nokundigadzira zvakasiyana. Itai chimwe chinhu, Mwari, ndiumbei nenzira yeNyū.

<sup>319</sup> Unofunga kuti zviri nyore here kumira pano wocheka-cheka vanhu kuita kanyama-kanyama zvakadaro? Chinhu chakawoma kuita. Asi ndine nhamo kana ndikasazviita.

<sup>320</sup> Mwari vanodikanwa, apo ungoro ino ichikotamisa musoro nemooyo yavo, munguva yokurevesa pano yokuvhara chidzidzo cheBhaibheri chino; apo tinoona kusimbisa kweMweya Mutsvene kwakazunguza nyika ino kwose-kwose, nekwose-kwose, rumutsiriro rukuru nezvinongedzo, tichiziva kuti chimwe chinhu chinofanira kutevera izvozvo. Uye zvino nokuona Vatumwa vava vanomwe vachidzika paya pamusoro pegomo riya uko kuArizona, zvokuti kunyangwe mamagazini munyika yose akaZvinyora. Kuona Jesu pachaKe imomo muchadenga, akatarisa pasi, uye achitaura kuti, “Muna Zvakazarurwa 10:7, muMharidzo yemutumwa wechinomwe, zviSimbiso izvi zvichazarurwa, Zvakavanzika zvaMwari zvinozoziviswa,” izvo vavandudzi havana kurarama nguva yakareba zvakakwana ku—kuzvibuditsa pachena. Zvino pano, Zvisimbiso Zvinomwe izvo zvakanamira mukati chinhu chacho chose zviri kuzozazarurwa muzuva rino. Kuona zviratidzo nezvishamiso zvikuru zvose izvi zvakaitwa, zvichisimbiswa, zvakananotaurwa zvisati zvaitika, uye hapana kana nguva imwe zvayo iMi yamakambotikundika, asi ndokuzvizadzisa nenzira chaiyo sekungotaurwa kwazvakaitwa.

<sup>321</sup> Mwari vanodikanwa, tinocherechedza kuti Jesu Kristu ari pakati pedu. Tinoziva kuti iYe ari pano. Ari pano manheru ano, Mwari vasingaonekwi vari pano nesu, uye vachikwanisa kuzadzikisa vimbiso yose yaVakaita muShoko raVo. Kutu Makamira sei muchiratidza kwavari, vakafuratirwa, pamavambo epakutanga-tanga vatevedzeri vasati vatombopinda mudariro, Ishe, kana kupinda mumu—mu—mujawo, tingangoti. Makaratidza nokuzivisa, nokuporofita nokutaura nzira chaiyo yazvaizoitika nayo, uye tinoona kuti zvakaitika nenzira iyoyo. Zvino, Mwari Baba, tinoziva kuti haangave munhu, anofanira kunge ari Mwari. Saka tinoziva kuti ndiMi pano manheru ano. Tiregerereiwo zvivi zvedu.

322 Mwari vanodikanwa, Makapodza hurwere hwedu, zvino re—regererai zvivi zvedu, Ishe, zvekusava mhando yeMakristu atinofanira kuva, kwete...Nokupupura kuve murume kana mukadzi weEvhangeri izere, zvino pano tinozviona tichipunzika sehuku yemasangano. Tibatsirei, Mwari vanodikanwa, titorei nokutizunza noMweya weNyu Mutsvene. Zvino kana mune chimwe chinhu matiri chisina kufanana neMi, chibvisei matiri, Ishe. Uye gadzikai tsoka dzedu paShoko raMwari Dzvene, uye regai Mweya Mutsvene upise uchipinda pakadzika mumoyo medu nokubvisa marara ose okusatenda nekakubakwa nehope dzezuva rino; o, tosimuka nokuzvizunza pachedu. Zviitei, Mwari. Tichenesei! Tiumbei! Tigadzirei! Mwari, zviitei.

323 Kana pane mumwe pano manheru ano, Ishe, akabata mumoyo mavo tsanga iya, chizenga chiya chaMwari chakatemerwa kuHupenyu kubva pakuvambwa kwenyika; ndinoziva, Ishe, kuti vakatofanira kunzwa panguva ino. Saka, ndinonamata, Mwari, kuti Imi mugozadza moyo yavo nokuvavhenekera nerubhabhatidzo rutsva rweMweya Mutsvene, uye nokuvatumira panzira yavo, vachipembera nokufara.

324 Ishe Mwari, ivo...ndinovapa kwaMuri. Handizivi kuti ndivanaani, iMi munoziva. Ndinongori nomungava wokuparidza Shoko reNyu, Ishe, apo MunoRizarura. NdiMi mune mungava wezvimwe zvose zvichaitika: panodonhera Mbeu. NdinongoIkusha. Ishe Mwari, ndinonamata kuti Yawira mvhu rakanaka, rakaworera manheru ano. Kutu vazhinji vaRione, Ishe, uye vosimuka kuve Makristu anopenya mumazuva ano okupedzisira, kuti chinhu chikuru icho chatakatarisira kuti chiuye, chigouya nokukurumidza. Zviitei, Ishe. Uye Mugotora Kereke yeNyu, Mwenga weNyu, kuzoenda naYe kumusha. TinoZviona zvose zviru panzvimbo yazvo. Uyai, Ishe Jesu. Tinozvikumikidza zvose kwaMuri, nemuZita raJesu Kristu, kuti tione zvibereko zvacho. Amen.

NdinoMuda, ndinoMuda  
Nokuti ndiYe akatanga kundida  
Ndokutenga ruponiso rwangu  
PaKarivhari...

325 MunoMuda here? Zvakanaka, saka munofanira kudana. Kwazisanai mumwe nomumwe kana mava kuchiimba zvakare:

NdinoMuda, ndinoMuda  
Nokuti ndiYe akatanga kundida  
Ndokutenga ruponiso rwangu  
Pa...

326 Zvino iYe ngatimupei rumbidzo. Vangani vanoziva rwiyo urwu:

NdinoMurumbidza, ndinoMurumbidza,  
Rumbidzai Gwayana rakaurairwa vatadzi;  
Mupei mbiri imi vanhu vose,  
Nokuti Ropa raKe rasuka gwapa rose.

327 Ngatirwuimbei zvino:

NdinoMurumbidza, ndinoMurumbidza,  
Rumbidzai Gwayana rakaurairwa vatadzi;  
Mupei mbiri imi vanhu vose,  
Nokuti Ropa raKe rasuka gwapa rose.

328 Hamunzwi kugezwa zvakasimba here? Simudzai maoko enyu muti, “O, zvinondiita kuti ndinzwe zvakanaka.” Hama, ndinoda nziyo dzakare idzi. Hamudiwo here? Dzinodzika zasi mumoyo.

NdinoMurumbidza, ndinoMurumbidza,  
Rumbidzai Gwayana rakaurairwa vatadzi;  
Mupei mbiri imi vanhu vose,  
Nokuti Ropa raKe rakasuka gwapa rose.

329 Ngatingosimudzai maoko edu zvino tirumbidze Mwari, mumwe nomumwe wedu, nenzira yedu:

330 Ishe Jesu, tinoKutendai. TinoKurumbidzai, Ishe. TinoKupai rumbidzo nokuda kwevanhu vakadanirwa kunze, kubva muBhabhironi. TinoKutendai nokuda kweRopa reMwanakomana weNyu, Jesu Kristu. TinoKutendai nokuti iYe anotichenesa panguva ino. Tino- . . . Tinokumbira ruregerero pane kukanganisa kwedu, hupenzi hwedu, Ishe, kugumburwa kwedu murima. O Mwari, dai tasimuka pamwe nokupenya, uye nokufamba muChiedza chamadekwana, uye nokuva chibereko choMuti uri kuuya neZviedza zvamanheru. Zviitei, Mwari vanodikanwa. Tinozvikumikidza kwaMuri, nemuZita raJesu Kristu.

331 Zvino nemisoro yenyu yakakotamiswa, ndinokupai vafudzi vari kutsigira shumiro.



*ZVIITIKO ZVANHASI ZVINOJEKESWA NECHIPOROFITA* SHO65-1206  
(Modern Events Are Made Clear By Prophecy)

Mharidzo iyi neHama William Marrion Branham, yakaparidzwa kwokutanga neChirungu Muvhuro manheru, Zvita 6, 1965, pamabiko eFull Gospel Business Men's Fellowship International paOrange Show Auditorium muSan Bernardino, California, U.S.A., yakazotorwa kubva patepi yakarhekodwa ndokuzodhindhwa muChirungu pasina chakamurwa. Kuturikirwa uku muchiShona kwakazodhindhwa nokugoverwa neve Voice of God Recordings.

SHONA

©2019 VGR, ALL RIGHTS RESERVED

VOICE OF GOD RECORDINGS, ZIMBABWE OFFICE  
8 ST. ANNES ROAD, AVONDALE, HARARE, ZIMBABWE

VOICE OF GOD RECORDINGS  
P.O. BOX 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.  
[www.branham.org](http://www.branham.org)

## Chiziviso chekodzero

Kodzero dzose dzakachengetedzwa. Bhuku iri rinokwanisa kudhindhwa papirinda yekumba kuti ushandise uri iwe pachako kana kugovera kunze, usingatengesi, semudziyo wekuparadzira Evhangeri ya Jesu Kristu. Bhuku iri harigoni kutengeswa, kudhindhwa akawanda, kuiswa pawebhusaiti, kana kuwana mumuchina waringachengeterwa, kuturikirwa mune mimwe mitauro, kana kushandiswa kukumbira mari pasina mvumo yakanyorwa neveku Voice Of God Recordings®.

Kuwana umwe umboo kana zvimwewo zviripo zvingawanikwa, tapota nyorerai:

VOICE OF GOD RECORDINGS  
P.O. Box 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.  
[www.branham.org](http://www.branham.org)